Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЭЩIКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№29 (24.623) • 2024 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 14, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы туменщ

УРЫСЕЙМ И ПРЕЗИДЕНТ ХЭХЫНЫГЪЭХЭР
2024, ГЪАТХЭПЭМ И 15-17
ЦИК.РФ

Нэрылъагъущ икIи узыгъэгушхуэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и зи чэзу зэIущIэ Бахъсэн район администрацэм щекIуэкIащ.

ЗЭХЫХЬЭМ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм КъэкIыгъэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ, псыщIэгъэлъадэмрэ химизацэмкIэ и департаментым и тхьэмадэ **Некрасов Роман**, республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр **Сыжажэ Хьэсэн**, ди Парламентым и депутатхэр, Правительствэм хэтхэр, район администрацэхэм я унафэщIхэр, ехъулIэныгъэ зиIэ хозяйствэхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIа Сыжажэ Хьэсэн тепсэлъыхьащ республикэм и мэкъумэш-промышленнэ IэнатIэм 2023 гъэм илэжьамрэ дызэрыт илъэсым къыпэщылъхэмрэ, апхуэдэуи къытеувыIащ а лъэныкъуэмкIэ щIыналъэм гъэ блэкIам иIа ехъулIэныгъэхэмрэ адэкIэ зиужьынымкIэ хэкIыпIэу щыIэхэмрэ.

2023 гъэм республикэм и мэкъумэшыщIэхэм зэи хуэмыдэжу гъавэ бэв кърахьэлIэжащ. Къэдгъэлъагъуэмэ, хьэцэпэцэрэ джэш лIэужьыгъуэу - тонн 1421,1-рэ. Ар 2022 гъэм зрагъэхъулIам нэхърэ процент 13,9-кIэ нэхъыбэщ. Абы щыщу тонн 1047,9-р нартыхущ. Ипэ ита илъэсым кърахьэлIэжам нэхърэ ар проценти 104,2-кIэ нэхъыбэщ.

ХадэхэкIхэм я гугъу тщIымэ, 2023 гъэм республикэм, псори зэхэту, тонн 470,1-рэ щызэщIакъуэжащ. Ар ипэ ита илъэсым елъытауэ проценти 103,6-кIэ нэхъыбэщ. Абы щыщу тонни 154,6-р кIэртIофщ. Ар, ипэ гъэм кърахьэлIэжам етлъытмэ, проценти 101,8-кIэ нэхъыбэщ.

КъинэмыщIауэ, республикэм гъэ блэкIам пхъэщхьэмыщхьэу щызэщIакъуэжащ зэи ямыIам хуэдиз. Къэдгъэлъагъуэмэ, мыIэрысэрэ мэракIуэ лъэпкъыгъуэу тонн 785,9-рэ (2022 гъэм зрагъэхъулIам нэхърэ процент 19,5-кIэ нэхъыбэ).

- УФ-р зэрыщыту къэтщтэнщи, къэралым деж зыщезыгъэтха хозяйствэ псоми пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэу гъэ блэкIам къыщрахьэлIэжам и процент 29,4-р Къэбэрдей-Балъкъэрым хуозэ. Ар, дауи, узыщыгуфIыкI хъуну ехъулIэныгъэшхуэщ, - жиIащ Сыжажэм.

Министрым къипсэлъар кърикъуэщIэткъуэжу къыхэдгъэщынщи, республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зэрызиужьыр нэрылъагъу зыщIыр гъэ блэкIам къриклIуам и закъуэкъым, атIэ, иужьрей илъэситхур зэрыщыту къэтщтэнщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм, къэрал программэхэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм къарикIуэу, гъавэхэкIрэ хадэхэкIыу къыщрахьэлIэжым хэпщIыкIыу хэхъуэ зэпытщ.

УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм КъэкIыгъэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ, псыщIэгъэлъадэмрэ химизацэмкIэ и департаментым и тхьэмадэ Некрасов Роман жиIари узыгъэгушхуэт.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьащ къэралым и дэIэпыкъуныгъэри езым и зэфIэкIри къызэдигъэсэбэпкIэрэ. АбыкIэ фи щIыналъэр узэхъуапсэ хъунухэм ящыщщ. Къэралым и Президент Путин Владимир щIым телэжьыхьхэм яхуэгъэзауэ къигъэлъэгъуа унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм халъытэ пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыгхэр нэхъыбэу а Iуэхум хуэгъэпса щIыпIэхэм щыхэсэнымрэ щызехьэнымрэ ехьэлIар.

Хьэцэпэцэмрэ джэш лIэужьыгъуэхэмрэ къинэмыщIауэ, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лъэпкъыгъуэхэмкIи ехъулIэныгъэфIхэр фиIэщ, - къыпещэ и псалъэм Некрасов Роман. - Ар зи фIыщIэу сэ къэслъытэр иужьрей илъэсхэм жыг зехьэнымрэ мэракIуэ гъэкIынымрэ щIыналъэм хуабжьу зэрыщызефтарщ, а Iуэхум хухэфха гектар бжыгъэми кIуэ пэтми зэрыхэвгъахъуэрщ. Республикэм зэрызыщызвгъэплъыхьа махуитIым къриубыдэу, зи гугъу тщIы унэтIыныгъэхэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр фызэриIэм нэхъри щыхьэт сытехъуащ.

Ди къэралым и адрей щIыналъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр къазэрыщхьэкIыр сыт, атIэ? Ар, цIыху бжыгъэу щыпсэум елъытауэ, гъавэрэ пхъэщхьэмыщхьэу къыщрахьэлIэжыр тIукIэ зэрынэхъыбэрщ. Ауэ щыхъукIи, зэрыгурыIуэгъуэщи, фи хадэгъэкIхэм къэралым къыхуищI гулъытэми хигъэхъуэн хуей хъунущ, а Iуэхум шэч къыщIытепхьэжын щымыIэу. ПсыщIэгъэлъадэм дытепсэлъыхьмэ, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэр а лъэныкъуэмкIи хэкIыпIэщIэу щыIэхэм лъыхъуэ зэпытщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Дэтхэнэми дэлъытащ

ПщIэ зыхуэсщI си лъэпкъэгъухэ!

Гъатхэпэ мазэм и 15-17 махуэхэм ди къэралым мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ щекIуэкIынущ. Ар – Урысей Федерацэм и Президентым и хэхыныгъэрщ.

Дэтхэнэ зыри а хэхыныгъэм дыхэтыныр ди хуитыныгъэ къудейкъым, атIэ, ди къалэну къызолъытэ. А Iуэхугъуэм елъытащ къэкIуэну илъэсихым ди къэралым и зыужьыкIэ хъунур, къапщтэмэ, дэтхэнэ зыми ди къэкIуэнур, ди щIэблэм я пщэдейрей гъащIэр.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ лъэпкъ куэду зэхэс Урысей Федерацэм сыт зэмани зэгурыIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ зэрыщытепщэр. И къару нэхъыщхьэри цIыхубэм, Хэкум хуаIэ лъэгъуныгъэрщ.

Апхуэдэу щыщыткIэ, ноби зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым ди къэралым и къэкIуэнур, и зыужьыныгъэ хъунур, и къарур дэтхэнэ зыми къызэрыдэлъытар.

Ди ныбжьэгъу лъапIэхэ! Урысей Федерацэм и Президентым и хэхыныгъэм фыхэтыну икIи къэралым и къэкIуэнур пщэрылъ зыхуэфщIыну зыхуэфащэр къыхэфхыну фыкъыхузоджэ.

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ

Гъатхэпэм и 14-р Адыгэ тхыбзэм и махуэщ

Лъэпкъ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт

Бзэмрэ лъэпкъымрэ

Дэтхэнэ тхыбзэми и тхыдэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ ар зей лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэмрэ абы щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэмрэ. Абы зэрызиужьам елъытащ сыт хуэдэ лъэпкъхэм я гъащIэр, хабзэхэр, щэнхабзэр дунейпсо зыужьыныгъэм и тхыдэм къыхэнэнуми, дэтхэнэхэр хышхуэ къэукъубеям и толъкъуным щIихъумэу кIуэдыжынуми, я хъугъуэфIыгъуэхэр къащIэхъуэ щIэблэхэм щIэину къыхуагъэнэн ялъэмыкIыу. Зыужьыныгъэм и гъуэгу кIыхьым цIыхум щича лъэбакъуэхэм ящыщу мыхьэнэшхуэ зиIэхэм хэплъытэ хъунущ тхыбзэр къызэрыхъуар. Абы и лъэныкъуэкIэ ар егъгъапщэ хъунущ цIыхум мафIэ къызэригъуэтам е шэрхъ къызэригупсысам.

ДАУИ, япэщIыкIэ щыIар псалъэщ: псалъэ зырызурэ зэхэгъэувэ хъуа бзэмкIэ цIыхухэм хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэр зэIэпахащ, яхъумащ. Зыужьыныгъэм къытхуихьа насыпу, макъхэр дамыгъэхэмкIэ ягъэбелджылыуэ хуежьащ иужькIэ. Лъэпкъым и анэдэлъхубзэр дамыгъэ хэхахэмкIэ къэгъэлъэгъуауэ, ар къыдекIуэкIыу, зиужьу, къыщIэхъуэ щIэблэм Iурылъу къэтэджыныр - ар уасэ зимыIэ фIыгъуэшхуэщ. Дызыхэт къэралыгъуэм тхыбзэ игъуэтащ 863 гъэм. Абы иужькIэ илъэс 990-рэ дэкIыжри, 1853 гъэм, къыдэкIащ адыгэбзэкIэ тха япэ тхылъыр. Аращи, адрей тхыбзэхэм еплъытмэ, адыгэ тхыбзэм къикIуа гъуэгуанэр кIыхькъым, арщхьэкIэ абы зыкIи игъэлъахъшэркъым абы и лъапIагъыр, игъэмащIэркъым и IэфIагъыр.

Ди лъэпкъым бгъэдэлъ зыужьыныгъэм, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм, щэнхабзэм я лъапсэщ ди анэдэлъхубзэр. Адыгэбзэм зиужьыным, зиузэщIыным и Iуэхум сыт хуэдэ зэмани ди лъэпкъым и цIыху пэрытхэр, хэкупсэ нэсхэр ирипIейтейуэ къокIуэкI. Пасэ зэманым абы елэжьахэщ лъэпкъ узэщIакIуэхэу Хъанджэрий СулътIан, Нэгумэ Шорэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Тамбий Пагуэ сымэ. Абыхэм кърахьэжьа Iуэхум пищэу, адыгэбзэм и зэфIэгъэувэным елэжьащ лъэпкъ еджагъэшхуэ Бырсей Умар. Абы и къалэмыпэм къыпыкIа, адыгэбзэкIэ тха япэ тхылъыр - «Адыгэбзэ псалъалъэр», тхыдэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, 1853 гъэм и гъатхэпэм (мартым) и 14-м дунейм къытехьауэ щытащ. Нобэрей щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, а зэманым мыхьэнэшхуэ иIащ абы: япэрауэ, лъэпкъым бзэ иIэу къалъытащ, етIуанэрауэ, апхуэдиз макъ зэщIэжыыуэр хьэрфхэмкIэ къэгъэлъэгъуа хъуащ. Апхуэдэу адыгэбзэм и зыужьыныгъэм хуэунэтIауэ щытащ еджагъэшхуэм зэман кIыхькIэ иригъэкIуэкIа нэгъуэщI къэхутэныгъэхэри. Бырсейм и лэжьыгъэм пащащ абы иужь ита ди лъэпкъ щIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Шэрэдж щIыналъэм и псэукIэр зрегъащIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Шэрэдж районым. Япэу зригъэлъэгъуащ Аушыджэр къуажэм и социальнэ IуэхущIапIэхэр. ЩIыналъэм и унафэщIым зыщигъэгъуэзащ «Къуажэхэм лъэныкъуэ псомкIи зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ яухуа ЩэнхабзэмкIэ унэм и лэжьыгъэм.

ЩЭНХАБЗЭ IуэхущIапIэщIэр 1961 гъэм яухуауэ щыта унэм и пIэ иуващ. Абы и щIыналъэр метр зэбгъузэнатIэу 500 мэхъу, гъэлъэгъуапIэ пэшым тIысыпIэ 300 иIэщ, къафэмкIэ, макъамэмкIэ, изобразительнэ гъуазджэмкIэ гупжьейхэр къыщызэрагъэпэщынущ.

Аушыджэр дэт курыт еджапIэр ар зэраухуэрэ дэкIа илъэс 40-м къриубыдэу иджы япэу егъэджэныгъэ IэнатIэр къэгъэщIэрэщIэжын къэрал программэмкIэ ар сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ. Абы йокIуалIэ еджакIуэ 626-рэ.

ЕджапIэм и унэм къыщызэIуахащ гъатхэпэм и 15-17 махуэхэм Урысей Федерацэм и президент хэхыныгъэхэм хэтыну къуажэдэсхэр зэкIуэкIуэлIэну хэхыпIэ участкэр. КъБР-м и Iэтащхьэр къуажэ администрацэмрэ курыт школымрэ я унафэщIхэм епсэлъащ а Iуэхум зэрыхуэхьэзырым зыщигъэгъуазэу икIи къыхигъэщащ цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ тыншыпIэмрэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

КIуэкIуэ Казбек Къэщкъэтау жылэм щаIущIащ Шэрэдж районым ит къуажэхэм я унафэщIхэм. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ къуажэдэсхэр нэхъ гъэгумэщI Iуэхугъуэхэу гулъытэ зыхуэщIыпхъэхэм. Апхуэдэуи и гугъу ящIащ районым туризмэм, Iэщ гъэхъуным зегъэужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм, социальнэ IуэхущIапIэхэр ухуэным, зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну IэнатIэхэри къагъэлъэгъуащ. Щхьэхуэу къытеувыIащ дзэ Iуэху хэхам хэту къулыкъу зыщIэхэр дэIыгъынымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэми.

Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу щытар Урысей Федерацэм и президент хэхыныгъэхэр районым зэрыщрагъэкIуэкIынур къызэрызэрагъэпэщарщ. ЗэIущIэм щыжаIащ хэхыпIэ участкэхэр псори зэрагъэхьэзырар, IэIэтыр цIыхухэм я шынагъуэншагъэм, тыншыпIэм хуэщIауэ зэрырагъэкIуэкIынур.

ХэхыпIэ участкэхэм ящыщ зыр щылэжьэнущ Къэщкъэтау дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм

къипщытащ а щIыпIэр гъатхэпэм и 15-17 махуэхэм екIуэкIыну УФ-м и президент хэхыныгъэхэм зэрыхуагъэхьэзырар.

КIуэкIуэ Казбек ЩэнхабзэмкIэ унэм и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ творческэ зэфIэкI лъагэхэр яIэну, Урысейм, республикэм и щэнхабзэ щIэиныр хъумэным хуэунэтIа Iуэхугъуэ куэд дяпэкIи къызэрагъэпэщыну.

Лэжьыгъэ IуэхукIэ Прохладнэ щIыпIэм щыIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм зригъэлъэгъуащ «ВоенТекстильПром»-м и къудамэу Къэщкъэтау мыгувэу къыщызэIуахыну дэрбзэр фабрикэр. Мы инвестицэ проектыр ягъэзэщIащ районым и цIыхухэм я лъэIукIэ. Абы лэжьыгъэкIэ къыщызэрагъэпэщынущ цIыхуи 150-200 хуэдиз.

IуэхущIапIэм и инагъыр метр зэбгъузэнатIэу мини 3-м щIегъу. Иджыпсту унэ кIуэцI лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI. Ар къызэрагъэпэщынур иджырей зэрыдэ Iэмэпсымэ нэхъыфIхэмкIэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «ВоенТекстильПром» компанием республикэм инвестицэ проектышхуэ щегъэзащIэ - дэрбзэр фабрикэхэр Налшыки Бахъсэни къыщызэIуахащ. Псори зэхэту абыхэм цIыху 840-рэ щолажьэ. «Къэщкъэтау къыщызэIуахыну дэрбзр фабрикэр щхьэпэ хъунущ республикэми районми я экономикэм зиужьынымкIэ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

Республикэм и Iэтащхьэм зригъэлъэгъуащ километри 5,5-рэ зи кIыхьагъ «Старэ Шэрэдж - Жэмтхьэлэ - Сукан-Суу» автомобиль гъуэгур зэрызэрагъэпэщыжар, апхуэдэуи Зэрэгъыж къуажэм и гъунапкъэхэр къызэрагъэувнэхуар, лъэс лъагъуэхэр зэрытралъхьар. Километри 3,8-рэ зи кIыхьагъ щIыпIэм фIагъ лъагэ зиIэ асфальт тралъхьащ, къэувыIэпIэхэр, гъуэгу дамыгъэхэр, иджырей светофорхэр ягъэуващ. Лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIащ УФ-м и Президент Путин Владимир и пщэрылъ ягъэзащIэу «ФIагъышхуэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектымкIэ.

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыIащ мэкъумэш предприятэщIэми - Зэрэгъыж къуажэм зы щIы гектар иубыду щауху хуабэщым и лэжьыгъэм зыщигъэгъуэзащ. Абы помидор зэмылIэужьыгъуэ къыщагъэкI.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ IэнатIэр иджырей техникэхэмкIэ къызэрызэгъэпэщар, я лэжьыгъэр зэпэщу зэрызэтеублар. ГъэтIысхьэнхэр къыщагъэкIыр къудамэ щхьэхуэщ, апхуэдэу хадэхэкIыр щызэхадз, продукцэу тонн 25-рэ зэуэ щахъумэфын пэшхэр иIэщ. Хуабэщ комбинатым илъэсым помидор тонн 400-м нэблагъэ къыщагъэкIыфынущ.

Нэхъри дызэкъуэзыгъэувэ щхьэусыгъуэ дахэ

Дуней псом щикъухьа ди лъэпкъыр зэзышэлIэж, я лъэпкъыщхьэм хуезыгъэплъэкI, къадэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр щIэрыщIэу къезыгъэIэтыж Iуэхугъуэ дахэр – «Адыгэ Iуэрытх» зи фIэщыгъэ жэрдэм щIагъуэр – адыгэхэр щыпсэу щIыпIэхэм иджыблагъэ щекIуэкIащ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлIэу къызэригъэпэща мы Iуэхум зэригъэуIуар лъэпкъым и къэкIуэнум хуэгумащIэ хэгъэгупсэхэм я закъуэкъым, абы «сыадыгэщ» жызыIэ дэтхэнэри лъэпкъым зэрыщыщымкIэ псэхугъуэ гуэр къыхелъхьэ.

ГЪАТХЭПЭМ и 14-м ирырагъэхьэлIэ хабзэ мы Iуэхугъуэ дахэм пщэрылъ зыщещIыж адыгэбзэм и пщIэр къиIэтыну, ар иригъэфIэкIуэну, абыкIэ щIэныгъэ зэбгъэгъуэтынуи зэбгъэпэщынуи Iэмал зэрыщыIэр щIэблэм я фIэщ ищIыну. КъызэгъэпэщакIуэхэр хущIокъу анэдэлъхубзэм и лъапIэныгъэр къыдэкIуэтей щIэблэм захригъэщIэну, ар абы и щыжакIуэу икIи хъумакIуэу зэрыщытыр гуригъэIуэну. Адыгэбзэр зэрыкъарууфIэр, абыкIэ утхэныр, уеджэныр пщIэ зыпылъ Iуэхуу зэрыщытыр щапхъэу ягъэувыну хущIокъу жэрдэмщIакIуэхэр. А гукъэкIыр нахуэ хъууэ пIэрэ, жозыгъэIэ щхьэусыгъуэхэр щыIэщи, Iуэрытхым и мыхьэнэр зэрыин дыдэр къыхэгъэщын хуейщ.

«Адыгэ Iуэрытх» дунейпсо Iуэхугъуэр еханэу йокIуэкI. Ипэ илъэсхэм хуэдэу, мы гъэми ар пэIудзауи зэхыхьэ жыпхъэм итуи къызэрагъэпэщащ. Iуэрытхыр щатхащ Адыгей, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс хэгъэгухэм, Краснодар икIи Ставрополь щIыналъэхэм, Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым, Европэм хыхьэ къэрал зыбжанэм, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм. КъызэралъытэмкIэ, ар цIыху минипщIым нэблагъэм ятхащ.

Хабзэ зэрыхъуауэ, «Адыгэ Iуэрытхыр» егъэкIуэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъарзынэ мэхъу хэгъэгухэм цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт я еджапIэхэр, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ пыщIа IуэхущIапIэхэмрэ къулыкъущIапIэхэмрэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр. Iуэрытхым жыджэру хэтащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и лэжьакIуэхэри. Апхуэдэу адыгэ хэгъэгуищми я къалэхэмрэ къуажэхэмрэ хиубыдэ щIыпIэ куэдым Iуэрытхыр къыщызэрагъэпэщащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуауэ къыхэбгъэщмэ, зэхуэсыпIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ хъуащ Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэр, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр.

Тхыбзэ Iэмалхэм зэрахуэIэрыхуэр, я зэфIэкIхэр здынэсыр ягъэнэхуэну а щIыпIэхэм екIуэлIащ къэрал къулыкъущIэхэр, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ пыщIа IэщIагъэлIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, еджакIуэхэр, студентхэр, нэгъуэщI куэди. УзыщыгуфIыкI хъунщ а Iуэхум ныбжьыщIэхэр куэду зэрыхэтыр. Къалэ IуэхущIапIэхэм адыгэ щIалэгъуалэр уэру къыщызэхуэс, абдеж анэдэлъхубзэкIэ хуиту щыпсалъэ зэхыхьэ ухэтыныр гухэхъуэщ. ТфIэгъэщIэгъуэну щIалитI-щым деупщIат къызытекIухьами, я жэуапым арэзы дыкъищIащ. «Сэ 8-нэ классым сызэрыщIэсрэ сыхэтщ мы Iуэхугъуэм. Япэ илъэсым зищIысыр къызгурыIуэщатэкъым, ауэ ди адэм дызыхэтам теухуауэ слъэгъуахэр щыжесIэжым, къысщыгуфIыкIат, «лIыпIэ уоувэ, узэрыадыгэр уи фIэщ зыщI Iуэху дахэхэм ухэтщ, сыарэзыщ» къызжиIат. А псалъэхэр си щхьэм итщи, гъатхэпэр къихьа нэужь, егъэджакIуэхэм зэпымычу соупщI Iуэрытхым теухуауэ, мы гъэми дызэхашэну, жысIэу. НэгъуэщI махуэхэм елъытауэ, нобэ хуэдэ зэхыхьэхэм нэхъыбэ къыхэсхыу, куэдым гу лъызагъатэу къысщохъу. Дэ дымащIэщ, дызэкъуэзыгъэтын щхьэусыгъуэ щыIэн хуейщи, мы Iуэрытхыр абыхэм ящыщу къысщохъу», – жиIащ Налшык къалэм дэт курыт еджапIэхэм язым щеджэ, 11-нэ классым щIэс щIалэщIэм. Iуэрытхым кърихьэлIахэм апхуэдэ гупсысэ кърит зы цIыху фIэкIа къыхэмыхьэми, и пщэрылъыр игъэзэщIауэ къыпщигъэхъуу псалъэ узыншэщ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Нэрылъагъущ икІи узыгъэгушхуэщ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Жылапхъэхэм я гугъу тщІымэ, а унэтІыныгъри къэралым и унафэщІхэм гулъытэ хэха зыхуащІхэм ящыщщ. Фызэрырщыгъуазэщи, илъэс зыбжанэ ипэкІэ жылапхъэхэм я нэхъыбэр хамэ къэралхэм къыщыгущхурт. А щыгъыкІэм зэрызихъуэжар къэтлъытэмэ, хуабжъыдызыгъэгушхуэщ къэралым и жылапхъэгъэкІэр зи гугъу тщІы мы Іэхэмки зэрегугъур. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэтщтэнщи, мыбдежым фэ щывиІэщ жылапхъэхэр щагъэхьэзыр хозяйствэ зызыужьахэри а унэтІынигъэм телажьэ щІэнигъэ лъэщапІэхэри.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, зэІущІэм и кІэ кьихуэу, пэшыпхуэм щІэсхэм фІыщІэ псалъэкІэ захуигъэзащ:

- Мэкъумэшым, щІым телажьыхьым и гуащІэджКІым ди республикэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр зыхэзышІэр мыбдежым щыізэхуэсахэм ди закъуэкъым, атІэ, сызэреплъымкІэ, ар къыгуроІуэ ди щІыналъэм балигъыпІэ иуваУэ щыпсэу дэтхэнэми. Ауэ щыхъуКІи, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш Іэнатіэм дяпэкІи зыщегъэужьыным, къуажэхэм я теплъэр нэхъри егъэфІэкІуэным, жылэдзэсхэм я псэукІэ-щыІэкІэр иджырей мардэхэм нэхъри кьигъэтІэсэным адэкІи дызэрегугъупхъэм сэ щхьытехъэрхъым. Мэкъумэш Іэнатіэм ехьулІэныгъэхэр щыдиІэным псом япэрауэ хэлІыфІыхьри зи гугъущІэ нэхъыбэ езыхьэлІэри, зэрыгурыІуэгъэущи, щІым нэхъ пэгъунэгъуэрщ, абы телажьыхьхэрщ.

Іэщыхъуэ-мэлыхьуэхэм я Іуэху и гугъу тщІымэ, а лъэныкъуэмкІи дефІэкІуэныкмкІэ хэкІыпІэфІщ къэралми езы республикэми кьыдбгъэдэкІыу инвестицэ проектыщІэхэр зэрызэхэдгъуэвэр, ахэр ди щІыналъэми зэрыщыпхыдгъэкІыр. Москва кьикІа ди хьэщІэми зэрыжиІащи, къэралым гулъытэ хэха нэхъ зыхуищІхэм ящыщщ къэкІыгъэ, Іэщ лъэпкъыфІхэр къэзыгъэщІ щІэнигъэм зегъэужьынымрэ жылапхъэхэр гъэхьэзыныным пыщІа лэжьыгъэмрэ. А псом кьадэкІуэри кьыхэзгъэщынут, иужьрей илъэсхэм къуажэхэм я теплъэми фІы и лъэныкъуэкІэ зэрызихъуэжари. Къэдгъэлъагъуэмэ, социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ Іапі эщІэхэм зыщагубгъу, жьы хъуахэр щызэрагъэпэщыж, гъэзгухэр щрагъэфІакІуэ, лъэс зекІуапІэщІэхэр щыпхаш. Дауи, екъулІэныгъэхэм я щІэдзапІэ нэхъыщхьэу къэлъытапхъэр УФ-м и Президентым къэралым и мэкъумэш-промышленнэ Іэнатіэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ кьыдигъэкІ унафэхэрщ, ахэр зэрыпхагъэкІми сыт и лъэныкъуэкІи и нэІэ зэрыригъэтырщ. Пэж дыдэуи, илъэси 5 - 10 ипэкІэ дыззэрыщытар ди нэгу кьыщІэдвгъэгъэувэжи, нэхъри гурыІуэгъуэ тщыхьнущ зэрыщыту къатщтэмэ, къэралми республикэми я къалэхэм, я къуажэхэм я теплъэми, абыхэм дэс щІыхухэм я псэукІэми фІы и лъэныкъуэкІэ зэрызихъуэжар, - къыпищащ и псалъэм КІуэкІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и зи чэзу зэмыхьэм иужькІэ, КІуэкІуэ Казбек Бахьсэн районым кьыхьэ къуажэхэм я администрацэхэм я унафэщІхэми яІущІащ. ЗэрихьэлІахэр тепсэлъыхьащ мэкъумэшыщІэхэр гъатхасэм зэрыхуэхьэзырым, социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іэнатіэхэр зэрызэгъэпэщам, гъэзгухэр щегъэфІэкІуэныкмкІэ щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэр зыхуэдэм, дзэ Іуэху хэхам хэтхэм зэрызыщІагъакъуэм. Республикэм и УнафэщІым къуажэдэсхэр нэхъ зыгъэгузавэ Іуэхугъуэхэм щыгъаз зыхуищІа иужькІэ, ахэр зэрыфІахьныныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэми я гугъу ищІащ.

ЗэІущІахэр щхьэхуэу тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и Президентыр хэхьныкІэ кьуажэхэм щыІэ екІуэлІапІэхэр зыхуейзыхуэныкъуэхэмкІэ зэрызэгъэпэщам.

Республикэм и Іэтащхьэр мы махуэм яхуэзащ Бахьсэн кьалэ округым хьыхь жылагъуэхэм я социальнэ Іэхуэщ Іапі эхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, предприятэхэм я лІыкІуэхэмрэ медицинэм, егъэджэныгъэм пыщІа лэжьакІуэхэмрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ зи улахуэр биджетым кьыхэкІхэм кьалэжьым зэрыхагъахъуэм, курыт еджапІэхэмрэ сабий садхэмрэ Іэщ ІагъэлъэхэмкІэ кьызэрызгъэпэщам, узыншагъэр хьумэныкІэ Іэхуэщ Іапі эхэм я лэжьыгъэм, нэгъуэщІхэми.

КЪУМАХУЭ Асльэн.

Бзэмрэ лъэпкъымрэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Зэманымрэ лъэхъэнэмрэ елъытауэ, ди тхыбзэм зэхъуэкІыныгъэхэр игъуэтурэ зэфІэуващ. ПІэщІыгъуэ блэкІам и пэщІэдзэм екІуэкІа Жэпуэгъуэ революцэшхуэм и ужькІэ адыгэбзэм и хьэрфхэр урысыбзэм и дамыгъэхэмкІэ кьагъэлъагъуэ хъуащ. ИльэситІащы нэхъ дэмыкІыу бзэм и макъхэр зэрыпІхьэрфылъэм хуагъэкІуэжащ. АбыкІэ къэбэрдей школхэм щрагъэджащ илъэс зыбжанэкІэ. ИужькІэ, 1923 гъэм и пэщІадзэм, адыгэбзэм зегъэужьыным хуэунэтІа зэІущІэ ин Псыхуабэ щрагъэкІуэкІащ. Абы унафэ кьыщащтащ адыгэбзэр латин графикэм тегъэувэн хуейуэ. Лъэпкъыбзэу дунейм тетхэм я нэхъыжьхэм хабжэ ди адыгэбзэр абыкІэ къэзгъэлъэгъуэным яужь ихьауэ щытащ щІэныгъэлІ, еджагъэшхэ, хэкупсэ нэс Хъуран Батий. Латин хьэрф тхыкІэм Хъураным иригъэззэгъа адыгэбзэм и алфавитым цІыхубэр щыгъэгъуэзэн мурад яІэу щыгъэлІхэу Елбэд Хьэсэнэр Къэошэж ПІалибрэ 1923 гъэм кьыдагъэкІауэ щытащ «Адыгэбзэм и азбукэ» тхылъыр. КъыкІэлъыкІуэ илъэсым, алыфбеищІэм зэман пыухыкІакІэ хэплъэжа нэужь, абы хэлъ ныкъусаныгъэхэр игъэзэкІуэжщ, зыхущІэхэр хилъхьэжри, Хъураным 1924 гъэм «Букварь» кьыдигъэкІауэ щытащ. Батий зэхигъэува алыфбейр адыгэхэм апхуэдэу илъэс бжыгъэкІэ тхуэлэжьащ. Ар щахъуэжар 1936 гъэращ. Абы щыгъуэ адыгэбзэр урыс хьэрфылъэм и дамыгъэхэмкІэ къэгъэлъэгъуэн щІадзэжауэ щытащ.

Адыгэ тхыбзэм зегъэужьыным а зэманым хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІащ Цвгъуэ Нурийрэ Дым Іэдэмрэ кьыдагъэкІыу щыта тхылъэми, «Къэрэхьэлъкъ» япэ лъэпкъ газетми. Илъэси 100 ипэкІэ, 1924 гъэм мазаем и 3-м, дунейм кьытехьауэ щыта, нобэрей ди «Адыгэ псалъэ» кьызытехьуКІыжа «Къэрэхьэлъкъ» газетым алыфбеищІэр щызэхалъхьэ, щыпхагъэкІ кьудейтэкъым, атІэ традза тхыгъэхэмкІэ цІыхухэм кьеджэкІэрэ тхэкІэрэ ираГьащІэрт. Нобэ а Іуэхуэм хьэлэну толажьэ адыгэбзэкІэ ди республикэм кьыщыдэкІ ди газет закъуэр.

Ди анэдэлъхубзэм хуэфэщэн пщІэрэ гулъытэрэ иІэн папщІэщ адыгэу дунейм тетым ди лъэпкъ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм - Дунейпсо Адыгэ Хасэм - 2003 гъэм абы теухуа унафэ щхьэхуэ кьыщІищтар. Абы лъандэрэ илъэс кьэс гъатхэпэм и 14-м Адыгэ тхыбзэм и мазкъэр адыгэ щыпсэу щІэныгъэлІ псоми щыдгъэлъапІэ, Бырсейм и «Адыгэбзэ псалъалъэр» кьыщыдэкІар и лъабжьэу. ЕджапІэхэм, гъэсапІэхэм пшыхьэр щызэхашэ, зэпеуэхэр щрагъэкІуэкІ, анэдэлъхубзэмкІэ ябгъэдэлъ щІэныгъэхэр кьагъэлъагъуэу диктант ятх.

«Адыгэбзэ псалъалъэр» дунейм кьызэрытехьэрэ дэкІа илъэси 171-м адыгэхэм ди тхыбзэ диІэжу, ар гъащІэм кьыщыдгъэсебэну, Іуэху иризетхьэу дунейм дытетщ. Мыбдеж гулъытэ нэхъ зыхуэщІын хуейр «кьыщыдгъэсебэну» псалъэращ, сыту жыпІэмэ бзэр, тхыбзэр щІыхум зэрихьэ, зэрыгушхуэ, илъытэхэм ящыщу нэхъ лъапІэ дыдэращ, ауэ щыхъуКІи гулъытэ хуумыщІмэ, зумыгъэужьмэ, нэсу, хуэфэщэну зумыхьэмэ, кьэдмыгъэсебэпыж адрей хьэпшыпхэми ещхьу, ятІонэрэ кІуэдыжынущ. Апхуэдэ гуэзвэгъуэм лъэпкъри кьытщІэхъуэ щІэблэри хэмыхуэн папщІэ, бзэр гъэлэжьэн, тхыбзэр къэгъэсебэпын хуейщ. А Іуэхуэм лъэпкъпсо мыхьэнэшхуэ зэраІэр нэхъыжьхэм нэхъыщІэхэм кьагурыдгъаІуэурэ, бзэмрэ псэмрэ зы чысэм зэрилъыр зи пкъынэпынэм хэль щІэблэхэр кьытщІэувэн хуейщ.

Лъэпкъым и блэкІари, и нобэри кьэзыгъэлъагъуэу, и тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр къэкІуэну щІэблэхэм яхуэзыхьумэу щыІэр тхыбзэрщи, абы сыт щыгъуи гулъытэ хуэщІыпхъщ. Лъэпкъыбзэу щыІэхэм я нэхъыжьхэм хабжами, ди адыгэбзэм и Іуэхуми узыгъэпІейтей куэд хэтщ. Абы и щыхьэтщ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм бзэхэм елэжь и кьудамэм иригъэкІуэкІа кьэхуэтэныгъэхэр. Абыхэм кьагъэпэгъуэ адыгэбзэр зызыужь, ефІакІуэ бзэхэм зэращымыщыр. Уеблэмэ, ар зыхэт абхъаз-адыгэ бзэ гупым кьыхьэхэм ящыщ гуэрхэр Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм я Тхылъ Плъыжьым иратхащ. Ди анэдэлъхубзэм и Іуэхур, ди жагъуэ зэрыхьущи, хэплъэгъуэ зэрыхъум щыхьэт техьауащ Кьэрал статистикэмкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм илъэсищ ипэкІэ иригъэжкІуэкІауэ щыта Урысейпсо кьыхэтхыкІым кьрикІуахэр. Абы кьызэригъэлъэгъуамкІэ, къэралым щыпсэу адыгэхэм я бжыгъэр мин 33-м щІигъукІэ хэхъуащ 2010 гъэ лъандэрэ, цІыху мин 750-м щІигъу дохъу. АтІэми абы лъандэрэ блэкІа илъэси 10-м къриубыдэу зи бзэр зыщІэу зезыгъэтха адыгэхэм я бжыгъэм цІыху мини 100-м нэблагъэкІэ хэщІащ. Абы кьикІращи, адыгэм кьыпхуэу ахэбзэр зыІурылъыжьар лъэпкъым и цІыхухэм я процент 70-м щІигъуращ: адыгэ цІыхухэм я 3-м адыгэбзэр ящІэркъым, яІурылъхъым, унагъуэхэми, гъащІэми, Іуэхущ Іапі эми кьыщагъэсебэпыркъым. Ар дауэ?! Дяпэ илъэс 30-кІэ сытым дыхуэкІуэну пІэрэ? Апхуэдэу зэрыпсэуар ди адэжьхэр, апхуэдэ пщІэ хуащІу щытар «ахэр лъэпкъщ» кьытухужезгъэІэ ди анэдэлъхубзэм?

А псоми иджыри зэ егупсысыпхъэщ нобэ хуэдэ махуэм. Адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ Хасгъырмэс Борис зэрыжиІауэ, «Ди лъэпкъым щыщми, бзэр зыфІэмыІуэхэр, Адыгэу плъытэу, уиплъэ хъун и нэгу?!»

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэкІэ и кьудамэм и унафэщІ.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 14, *махуэку*

♦1853 гъэм адыгэбзэкІэ кьыдэкІащ Берсей Умар и «Адыгэ псалъалъэр».
♦1995 гъэм Налшык экономико-правовой лицей кьыщызэІуахащ.
♦1913 гъэм кьалъхуащ адыгэ тхакІуэ, Куржымрэ Абхъазыкъуэ ІуэздзэхэмкІэ щыІэхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гулиа Георгий**.
♦1937 гъэм кьалъхуащ тхакІуэ, литературэдж, критик, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыІэхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къэрмокъуэ Хьэмид**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 4, жащым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 15, *мэрем*

♦Щэхуакіуэхэм я хуитыныгъэр хьумэным и дунейпсо махуэщ
♦Социальнэ лэжьыгъэ егъэкІуэкІыным и дунейпсо махуэщ
♦1917 гъэм ПІалъэкІэ щыІэ Правительствэм и орган Тэрч кьыщыІэзрагъэпэщащ.
♦1880 гъэм кьалъхуащ адыгэхэм я щІыхьэ лІыхъужь **Къэлыш Сулътіан-Джэрий**.
♦1913 гъэм кьалъхуащ адыгей драматург, актрисэ **Натхъуэ Долэтхъан**.
♦1934 гъэм кьалъхуащ Иорданием и профсоюз лэжьакІуэу, Амман дэт Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадзу щыта, Хьэшимит къэралыгъуэм и сенатору лэжьа **Кьардэн Самир**.
♦1974 гъэм кьалъхуащ публицист, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист **ТІэш Светланэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жащым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иззщ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Уи гуащІэ еплъи, уи лъэ гъэбакъуэ.



ЦІыхухэр сакъыну къыхураджэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Оперативнэ штабым республикэм щыпсэуХэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ къыхуреджэ Урысей Федерацэм и Президент хэхьныгъэхэр щекІуэкІкІэ сакъыну, терроризмэм зыщыкъуэмэныкІэ хабзэхэр яГъэзэщІэну:

- щытыкІэ къызэрымыкІуэхэр, дыкъэзыухъуреихьхэм я дежкІэ шынагъуэ къэзышэнкІэ хъунухэр къэвмыгъэхъу;
- автотранспортыр абы хухэха щІыпІэхэм дежь щывгъэув;
- хьэпшыпхэм, автомашинэхэм шэч яхуэфащІамэ, апхуэдэуи теракт ирагъэкІуэкІыну мурад зэраІэм, къагъауэ Іэмэпсымэхэр, пкъыгъуэхэр цІыхухэм зэраІыгъым фыщыгъуазэмэ, щІэженер инфраструктурэм псынщІэу я къарум щыкІэрач. Иныкъуэ щІыналъэхэм ар проценти 100-м щынос. И лэжьэгъуэ пІалъэм икІа инфраструктурэр зепхъэным ахъшэшхуэ ехь. ПсэупІэ-коммунальнэ Іэхэхтыхэбзэхэм я уасэхэр ужэхэр жьы зэрыхъуарэр. Ахэр зепхъэным нэхъыбэ токІуадз. ЯкІэлъыплъ Іуэхущ Іапі эхэри Іуэхум Іэпэдэгъэлэлу щыхущыт къохъу. УнафэщІхэм тКІийуэ жэуап егъэхьын хуейщ. Гъэсныныкъэмрэ гъуэз уасэмрэ уи нэІэ ятебгъэкІхунукъым. Сыт гъуэзыр хамэ къэралхэм ди щІыхухэм нэхъри нэхъ пуду етщэн щІыхуейр? Ари щІыналъэ зэхуэмыдэхэр тарифкІэ зэщхьэщыкІыу. ЩытыкІэм зыщымыхъуэжкІэ, дэ псэупІэ-коммунальнэ Іэхутхьэбзэхэм папщІэ субсидиехэм зедгъэубгъуфІхъэ къыдолъытэ. Къэралым и кІыхьагъкІэ уасэхэр зы мардэм тегъэувэн хуейщ, Мэзкуу ещхьу, хэхъуэм нэхъри проценти 10-кІэ нэхърэ мынэхъыбэу. Абы кьикІращи, унагъуэм ахъшэу къыхэхъуэм и проценти 10-м фІэкІ хъунукъым псэупІэ-коммунальнэ Іэхутхьэбзэхэм я уасэр.

* * *

Иджыпсту зэхьэзэхуэ нэхъыщхьэу щыІэр къалэхэр хьэрычэт щыпІэ хъунымкІэ зэрызэпеуэрщ. УФ-м фирмэ цІэрыІуэхэр зэрикІыжам щыпІэм епха хьэрычэт Іэхухэм я мыхьэнэр иІэтащ. Дэ дызэрелпъымкІэ, къэралым икІахэм кьебгъэгъэзэж хъунукъым. Вакъэмрэ щыгъыныкъэ дэ езым тхэущІыжынущ. Урысейр зыхъуэжьифынур жэрдэм кьызэкъуэзыхь цІыху цхьэхуэхэр къэралым нэхъыбэ щІохъу. Дэ хьэрычэтыщІэу къэтлъытэр жэрдэм кьыхэзылъхъэракъым, абы и гъэзэщІэкІэр къэзыгъэлъагъуэрщ.

ЛДПР-р уасэхэм зэрызаІэтым йобэн

Хьэпшып кьыщІэзыгъэкІхэм ядэлэжьэн хуейщ, зыщэжхэм ахъшэшхуэ тралъхьэну Іэмал ямыІэн хуэдэу. Инфрлцэм псом нэхъри нэхъ хриГъэлъафэр тхьэмыщкІэжэрщ. Махуэ кьэс уасэхэр къэпщытэн хуейщ, щхьэусыгъуэнщэу дэзыгъэуеям занщІэу унафэ хуащІу. ИджыпстуПрезидентым хъыбар ирамыгъэщІауэ, зыми зихъуэжьыркъым. ЩхьэусыгъуэУ имыІэу уасэр дэзыгъэуейхэм тезыр ятелъхьэн хуейщ. ЩхьэусыгъуэУ имыІэу процент 20-м нэхърэ нэхъыбэ трилъхьакъэ, штраф ирырет. Къытригъаззмэ, тезыр тІуащІэ ирырехь.

ПсэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр зэрыхэхъуэм сыт ещІэн хуейр?

Урысейм транспортым, гъэсныныпхъэхэм, инпхъаджагъэ лэжьыным пыщІахэм ятеухуа хъыбар гуэр кьыфІэрыхьэмэ, хабзэхьумэ Іэнатіэхэмрэ экстреннэ къулыкъущІапІэхэмрэ икІэщІыпІэкІэ хъыбар евгъащІэ;

- хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэмрэ цІыху куэд щызэхуэс Іуэхуэхэр щекІуэкІкІэ хабзэр кьызэгъэпэщыныкмкІэ жэуап зыхьхэмрэ кьагъэувэжэр вгъэзащІэ.

Дэтхэнэ зы хъыбарри нэсу къапщытэнущ, кьаІэрыхьа псоми ятеухуа Іуэхуэхэр зэфІагъэкІынущ, цІыхухэм я шынагъуэнщагъэр кьызэгъэпэщын папщІэ.

Шэч зыхуащІхэм ятеухуа хъыбарыр КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым къезытГъэщІахэм я цІэ КІуэнукъым, апхуэдэуи республикэм щыпсэуХэм фІыщІэ хуащІ зэрызэхащІыкІым папщІэ.

«Линэ пщтыр» телефонхэр:

- КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым: 48-15-48;
- Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм: 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);
- КъБР-м щыІэ МВД-м: 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысейм и Сдественнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыІэм: 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм: 39-99-99 (плъыр часть).

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.

«УФ-м и Президентыр хэхьныным и Іуэхуэкі» Федеральнэ закон №19-ФЗ-уэ 2003 гъэм щІышылэм и 10-м кьыдэкІам и 53-нэ Іыхьэм и 1-нэ пунктым ипкъ иткІэ пщІэнныгъэ тыдодэ».

Ныдэлъфыбзэр къыухъумэзэ

Гъэтхапэм республикэ гъэзетэу «Адыгэ макъэр» къыздэкIырэр илъэси 101-р хъугъэ. Зыныбжь хахъорэ гъэзетым уахътэм иамалыкIэхэр къыздитэхэзэ итарихъ тхыдэ лъэкIуатэ. Ащ тхыгъэ гъэшIагъэхэр къидгъэхьанкэр, тинымдэлъфыбзэдгъэпэжьэныр, гъэзетым еджэрэм ипчъагъэ хэдгъэхьоныр, гъэзетеджэхэм зэпхыныгъэхэр адэтшIыныр, къыхэтыутырэм нэмыкIэу сайтым, социальнэ хъытыу нэкIубгъохэм тадэлажьэныр «Адыгэ макъэм» IутхэмкIэпшIэрылъ шъхьаIэхэзу зыфэтэлъэгъуэжьых.

ЗЭКIЭМЭ апэу хэзгъэунэфыкIын, 2024-рэ илъэсыр тыублагъэ къудыеу Урысыем ижурналистхэм я Союз и Тхьаматэу Владимир Соловьевыр зыкIэтхэжьыгъэ Щытхъу тхылъэу «Адыгэ макъэр» илъэси 100 зэрэхъугъэм ыкIи шиогопагъ. Журналистикэм ихахъо зэрэдэлажьагъэм апае редакцием кьыфагъэшъошагъэр кьызэрэтIукIэжьыгъэр. АР-м и журналистхэм я Союз итхьаматэу Бзэджэжьыкъо Абрек ар кьытитыжьыгъ ыкIи лъэпкъ гъэзетым Урысыем ижурналистхэм я Союз кьыбгъодэкIэу уасэ кьыззэрэфашIыгъэр тиныгопагъ.

Непэ пшIынэ зыфIащыгъэ зыфэдгъэуцужьыхэрэм ащыщ ныдэлъфыбзэр зэрэлъыдгъэкIуатэрэм,кьызэрэдгъэгъунэрэм ямызакъоу ащ рылэжьыдэт журналистхэм ягъэхьазырыр. Редактор шъхьаIэу Мэщлiэкъо Саидэ игукъэкIыкIэ кьоджэ еджапIэхэм ащедгъэгъэ Къэрэшаемкэ зэпхыныгъэхэр адэтшIызэ адыгабзэм изэгъэшIэн фэщагъэхэр, журналистикэр сэнэхьаткIэ кьыхэзэныкъо зышIоигъо ныбжьыкIэхэр кьахэтэгъэщых. Ащ фэдизу Теуцожь районым, Пэнэжьыкъуае, ыкIи Тэхьутэмыкъуае районым, Щынджые зэпхыныгъэхэр ащызэхэтщэгъахъэ. Ащ ыуж Щынджые гурыт еджапIэу номеру 24-м икIалэхэр джаКIоху Талъэкъо Дамирэр Къушъэкъо Альбинэрэ «Адыгэ макъэм» кьатхэзэу рагъэжьагъ. Ахэр зыгъасэрэ кIэлэегъаджэхэзэми ежь кIэлэеджакIохэми зэпхыныгъэ пытэ адэтшIыгъэу, тыныIэ атетэу зэдэлажьэныгъэр тыублагъ. Ащ лъэшэу тегъэгушхо.

Мы илъэсым тызфежьэгъэ Iофтхьабзэхэм ащыщ Урысыем ибзыльфыгъэхэм я Союз икъутамэу Адыгеим щызэхэщагъэм проектыкIэу дэтшIырэр. Адыгеим ирайонхэм ащызэхэщэгъэ Союз кьутамэхэм Iофэ зэрашIэрэр, бзыльфыгъэ пэрытэу ахэтхэм, ахэм сыд фэдизрэ лъэныкъохэмкIи кьуаджэхэм IэпыIэгъу Iофтхьабзэу щызэхащэхэрэм афэгъэхьыгъэ тхыгъэхэр «Адыгэ макъэм» кьыхиутэу ригъэжьагъ.

УФ-м и Президентэу Владимир Путиныр иунашъокIэ 2024-р унагъом и Илъэсэу агъэнэфагъ. Ащ рыгъуазэзэ «Адыгэ макъэм» проектыкIэу «Тиунагъо ихабз» зыфиIорэр ригъэжьагъ. Непэрэ адыгэ унагъомэ шэнхабзэу арылъхэр зыфэдэхэр, ахэм адиштэу сабийхэр зэрапIухэрэр унагъохэм арыс нахьыжьхэм кьятэгъэIуатэ. Джащ фэдизу Зыихьэ Заурбыйрэ Мэлайчэтрэ, Болэкъо Аслъанрэ Фатимэрэ яунэгъо хабзэхэр зыфэдэхэм гъэзетеджэхэр нэIуасэ афэтшIыгъэх. Ахэм афэдизу унэгъо пчъагъэхэу Адыгеим исхэм джыри ягугъу кьэтшIыщт. КьыкIэлъыкIорэр Пщыкъуйхьаблэ щыщэу Хьакъуйхэм яунагъо фэгъахьыгъэщт.

Уахътэм диштэу «Адыгэ макъэр» хьытыу нэкIубгъохэм адэлажьэ. Ахэм зэнэкъокъу зэфэшъхьафхэр ащызэхэтэщых. Гущыlэм пае, яминырэ кIэтхакIоу «Адыгэ макъэм» ителеграмканал щэкIо. Iэшъынэхэм, Мырзэхэм, Болэкъохэм, Тэуихэм, Лъэцэрыкъохэм, Хьантэуихэм ялIэкъо тамыгъэхэм ясурэтхэр кьидгъэхьэгъэхэх. Зэкlэмэ анахь уасэ зыифэтшIырэр нэбгырабэ а проектым кьызэрэхалажьэрэр, ахэм Iэкlыбым щыпсэурэ тильэпкъэгъуэхэри зэрахэтхэр ары.

Джыри зы Iофтхьабзэ ягугъу кьэсшIын. Ар «Адыгэ макъэм» ихьытыу нэкIубгъохэм щIэхэу кьарыхьащт. АР-м итеатральнэ зэхахьэр «Адыгэ макъэмрэ» зэгъусэхэу ащ дэлажьэх. Тиартистхэр адыгэ тхакIохэм яусэхэм, япрозэ кьыхэхьыгъэ пычыгъэхэм адыгабзэкIи урысыбзэкIи кьяджэщтых. ЗэкlэмкIи урыс ыкIи адыгэ театрэхэм яартист 20 фэдиз проектым хэлажьэ. МэщбэшIэ Исхьакъ, КIэрэщэ Тембот, Бэрэтэрэ Хьамидэ, Кьуекъо Налбый, Кьулпiыл Кьадзыбрэч, Еутых Аскэр, Лъэуатэн Юсыф, Дарбэ Тимур, Хьунэго Саидэ, Дзыбэ Саниет, нэмыкIэмэи итыгъэхэм артистхэр кьяджэщтых. Адыгабзэм и Мафэ, гъэтхапэм и 14-м, ар фэдгъэшъошагъэ ыкIи а мафэм пэблагъэу апэрэ видеотехыгъэхэр Телеграм-каналхэу «Адыгэ макъэ» ыкIи «Хэкум ымакъ» зыфIиIохэрэм кьарыдгъэхьащтых.

«Адыгэ макъэм», «Адыгэ псалъэм» (КъБР) ыкIи «Черкес хэкум» (КъШР) мы илъэсыкIэ ипапрэ зэхэт номер гъэтхапэм и 14-м, адыгабзэм и Мафэ, кьыдэкIыщт. Республикищым ильэпкъ гъэзетэхэмкIэ тиэдэлэжьныгъэ тапэкIи дгъэпытащт ыкIи лъыдгъэкIотэщт.

Тызэрыгушхорэмэ ащыщ «Адыгэ макъэм» исайт IэкIыбым щыпсэурэ тильэпкъэгъуэхэр зэрэльыплъэхэрэр, ащ ишIуагъэкIэ Адыгеим щыхъурэ-щыщIэрэм фэгъэхьыгъэ кьэбархэм ахэр ащыгъуазэх. Пльэпкъ гъэзетым исайт кулъгурнэ зэпхыныгъэм ильэмыдж пытэу хэкум исхэмрэ IэкIыбым щыIэ тильэпкъэгъуэхэмрэ афэхъугъэ. «Адыгэ макъэм» ащ фэдизу кьэралхэм азфагу илъ гъунэпкъэ пчъагъэхэр зэIуихыгъэ, тыдрэ чIыпIи щыпсэурэ тильэпкъэгъуэхэр хэкум пблагъэ фишIыгъэх.

ТЭУ Замир.

АР

Лъэпкъым ылъапс

Цыиф лъэпкъыбэ дахэу зыщыщэздэсэурэ Адыгеим ныдэлъфыбзэ пэпчъ мэхьанэ щыраты. Сыда пIоиэ цыифыр щыIыфым фэзыщэрэр, езыгъэшIурэр, хэти игугъэ-гупшысэхэр кьыриIотыкIынкэмкIэ анахь амалышIоу иIэр ыбз ары.

Ныдэлъфыбзэм икъэухьумэн кIэлэцIыкIу Iыгъыпlэм кьыщежьэ. Тыбзи тIулъын, тихабзи тхэлъын фае адыгэ лъэпкъыр псэуным пае.

Непэрэ мафэм адыгабзэкIэ гущыlэхэрэм япчъагъэ нахь макIэ мэхъу. Мы гущыlэгъуэр ныдэлъфыбзэм ифедеральнэ кьэралыгъо шапхъэхэм адиштэу ныдэлъфыбзэр нахь игъэкIотыгъэу ащызэрагъашIэ хьугъэ. Мыекъуапэ дэт кIэлэцIыкIу Iыгъыпlэу №38-м икIэлэпIоу Нэгъой Азэ проектэу «Бзэр - лъэпкъым ильапс» зыфIиIорэм дэлажьэ.

- Сабыим иуахьтэ нахьыбэу зыщигъакIорэр кIэлэцIыкIу Iыгъыпlэр ары, - кьеIуатэ Азэ. - Кьэтхэхъуьхьэрэ лIэужъкIэм яныдэлъфыбзэ, ятарихъ, якультурэ ашIэным тыныIэ тет. Проектэу «Бзэр - лъэпкъым ильапс» зыфIиIорэр кIэлэцIыкIухэм зэрашIогъэшIэгъэныщт шапхъэм ильэу зэхэдгъэуцуагъ. Шыкlэ зэфэшъхьафхэр дгъэфедэзэ адыгабзэм идесхэр гъэшIагъонэу зэхэтщэх, сабийхэм сурэт нэрылъэгъуэхэмкIэ гущыlэхэр нахь дэгъоу зэрагъашIэ. АдыгабзэкIэ тыздэгущыlэрэ кIэлэцIыкIухэм нахьыбэрэмкIэ урысыбзэкIэ джэуап къатыжьы, ащ пае гущыlэ зырызэу адыгабзэр зэтэгъашIэ. Iофшlэн гъэшIэгъонхэр, гъэцэкIэн зэфэшъхьафхэр, адыгэ пшысэхэм якъэгъэнхэр, зэнэкъокъуэхэр, джэгуакIэхэр бэу зэхэтщэх.

Лъэхъанэу тызхэтым кьыздихьырэ зэхъокIыныгъэхэм ялъытыгъэу Нэгъой Азэ иIофшlэн егъэпсы, джэгуакIэ гъэшIэгъонхэр адыгабзэкIэ афызэхещэ. Пшъэрылъ шъхьаIэу кIэлэпIум зыфIэгъэуцужьырэр ныдэлъфыбзэм кIэлэцIыкIухэр рыгушIыэнхэз альэкIыныр ары. ДжэгуакIэхэу «Хьамлащэ», «Пэлохlадз», «Чэрмэчэщ», «Шыу», «КъашIэлъ, сыд зыщыщыр?», нэмыкIэхэр кIэлэцIыкIухэм ашIогъэшIэгъоных. Джащ фэдизу ишIуагъэ къакIоу игъэфедэрэмэз ащыщ адыгэ орэдхэм яззгъэшIэн.

- Ныдэлъфыбзэр лъэпкъ пэпчъ ыпс, итамыгъ. Тиныдэлъфыбзэ тэмабгъу, кIочIэшху. Дахэу щыIэр зэкIэ епIолIэн пльэкIыщт. Тыбзэ гущыlэ щарыюкIэмкIэ бай, дахэ. Ар кьызIэкIэхьащтыр зыбгъэ Iофэ дзэзышIэу, шIу зыльэгъоу, илъэпкъ уасэ фэзышIырэр ары. Ащ пае тиныдэлъфыбзэ дэгъоу зэрядгъэшIэщтым тыпыIэ, - хегъэунэфыкIы Азэ.

Мыщ дэжьым кьыхэзгъэщыгъэн фаер бзэ лые зэрэщымыIэр ары. Цыиф лъэпкъ пэпчъкIэ иныдэлъфыбзэ - ибаиныгъэ шъхьаI. «Жэр шъхьэм илыкIу» аIо адыгэмэ. Ар кьеушыхьаты культурэ дахэу тиIэм. Бзэр щIэфэ лъэпкъыр псэущ ыкIи икультурэ щыIэщт. Хэтрэ цIыф лъэпкъ ежь ыбзэрэ ихабзэрэ егъашIох, кьеэхъумэх, кьегъэгъунэх. Лъэпкъыр зыгъэпсэурэр бзэр ары.

КIэлэцIыкIу Iыгъыпlэм ипащэу Татьяна Поломарчук кьызэригуагъэмкIи, сыд фэдизрэ Iофтхьабзэ кIэлэпIухэм рахьыжьагъэми, адырегъаштэ.

- Бзэ пIумыльэу угупшысэн плъэкIыщтэп. Арышъ, бзэмрэ гупшысэмрэ пытэу зэпхыгъэх. КIэлэцIыкIум апэ иныдэлъфыбзэ дгъэоу рыгушIыэнхэр ашIогъэнэ фае, нэмыкIыбзэ кьыгурыIоным пае. Проектэу «Бзэр - лъэпкъым ильапс» зыфIиIорэм тыкъыщымыуцоу ныдэлъфыбзэм хэхьонныгъэ ышIынэм тапэкIи тыдэлажьэщт, - кьыуатэ Татьяна Поломарчук.

Гущыlэр кIочIэшху. Зэпыlэжэр зэрегъэшIух, зэшIухэр зэпыт ешIых, заохэр кьырегъажьэ, мамырныгъэр дунаим тырегъэпыты, зэкъошныгъэр егъэпытэ, сымаджэр ылъэ тырегъэуцожьы. Цыифым шошъхъэныгъэ кьырегъы, неущырэ мафэр лъегъэкIуатэ.

ЛЪЭПШIЫКЪО Фатим.
Сурэтым: **Iэшъынэ Аслъан.**

Уи гур къыщыхуэбгъэушкIэ...

КъШР

Лъэпкъ мащIэхэм я бзэхэр кIуэ пэтми дэхуэха зэрыхъур хьэкъыу зыхьидощIэ. ИлэуэкIэ, анэдэлъхубзэм иримыпсалъэр закъуэтIакъуэ дыдэу щытамэ, иджы абы къабзэу ирипсалъэ сабийхэр зэрымащIэм куэдым урегъэгупсыс.

Шэныншэу, бзэр хьумэнымкIэ къалэныщхуэ зи пщэ къыдэхуэр лъэпкъыбзэхэмкIэ егъэджакIуэхэраш. Ауэ ахэр зыпэщIэт гугъуехьыр абыхэм я закъуэкIэ къыззэнэкIа хъунукъым. Унагъуэм зыщIимыпсалъэ бзэм япэу цIыкIуэхэр щыпэщIэхуэу хъущ еджапIэм. Мыдбэ егъэджакIуэм и Iуэху бгъэдыхьэкIэм куэдкIэ елъытащ сабийм бзэр фIыуэ ильагъуэныр, абы зыIэпишэныр. ГурыфIыгъуэр сыт: лъэпкъыбзэм пщIэ хуэзыщI егъэджакIуэ щыпкъэхэр къыззрытхэтращ. Абыхэм ящыщщ адыгабзэмкIэ егъэджакIуэ гумызагъэ, Черкесск къалэм дэт курыт еджапIэ №11-м щылажьэ Хьэпту Хьэ ишэт.

Пэжщ, ар ятэщыкIэ тхыдэмкIэ егъэджакIуэущ зэрыпэжьар. 2012 гъэм абы пIалъэкIэ адыгэбзэр яригъэджын щIидзати, иужькIэ Iэщlыб хуэщIыжакъым. Мис, абы лъандэрэ сабийхэр адыгабзэм дригъэхьэныным Iэмал зэхуэмыдэхэр кьыхуигупсысурэ къогъуэгурыкIэу. ЕхьулIэныгъэ нэхъыкIэхэм хэтыныгъэ бзэр зыимыдыхьуу еджапIэм кьыщIэтIысха сабийр абы ирипсалъэ ищIыныр.

Нэгъабэ лъэпкъыбзэхэм ятеухуауэ екIуэкIа «Илъэсым и егъэджакIуэ» къалэ зэпеуэм ХьэIишэт 2-нэ уныпIэр къыщихьащ. Иджыблагъэ, лъэпкъыбзэр хьумэным хэлъхьэныгъэу хуищIыным папщIэ, КъШР-м и Парламентым и Президиумым и щIыхь тхылъыр къыхуагъафэщащ. Нобэ ди псэлъэгъуэ ХЪЫТIУ ХьэIишэт.

- Сабийр анэдэлъхубзэм дегъэхьэхыныр унагъуэра, хьэмэрэ еджапIэра зи кьалэн нэхъыщхьэу къэпльытэр?

- Унагъуэращ! Куэд елъытащ унагъуэм бзэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэм. Сабийм и анэдэлъхубзэр ищIэу еджапIэм кьыщIэтIысхьэмэ, адэкIэ программэм тыншу дэхъунущ, Iурылъ бзэм нэхъри зригъэужьыфынущ. Еджапlэм бзэм щыщухъас сыхьэт бжыгъэмкIэ ар щэрыуэу ебгъэщIэнкIэ зыплъэщ. Ауэ, пэжщ, дебгъэхьэкIфынущ, бзэм и гур кьыхуэбгъэушыфынущ. СиIэщ еджакIуэ куэд бзэр ямыщIэу, ауэ зэрагъэщIэнкIэ хущIэхъуу, егугъупэу. Шэч хэлъкъым, апхуэдэм а гурыльэ кьаззэрыдэхъунум. Япэ классым кьыпхуэхкIуа, лъэпкъыбзэм щыщу зы псалъэ зыимыщIэ сабийр пIалъэ кIэлъыкIэ адыгабзэкIэ псалъэ зэхэпхыныр гуэхэгъуэ. Абы нэхъри кьару кьызет, ауэ сытми си гъэхьыгъэм сызэрыпэрымытыр, лъэпкъым сызэрыхуэщхьэпэр наIуэ сщещI.

- Мы зэманыр кьапщтэмэ, еджакIуэхэм бзэр зэращIэр, кьызэрагъэсэбэпыр кьызэрыпщыхьыр сыт хуэдэу? Пэхъэн зэрыщIэбдзэрэ илъэс 12 хьуагъэхъэщи, а пIалъэм яриубыдэу сыт хуэдэ зэхъуэкIныныгъэхэр лэжьыгъэм хэпльагъуэ хъуа?

- Бзэр зыщIэу еджапIэм кьыщIэтIысхьэр машIэ дыдэщ. ЗэрызгъэунэхуамкIи, илъэс кьэс Iуэхур иокIакIуэ. Кьапщтэмэ, 1-нэ классым щегъэжьауэ 11-нэм нэс дерсхэр щызэтри, япэ классым кьакIуэмэ, абы щыщу бзэр зыщIэр зытIущ. ФIыуэ зыщIэр зырызыхэщ. А бжыгъэм илъэс кьэс нэрылъагъу хощI.

- Бзэр ирагъэджыну хуэмейуэ адэ-анэхэм лъэIу тхылъ еджапIэм кьыщIалъхьэрэ иджыри? ЗэманкIэ узэIэбэкIыжмэ, апхуэдэ мыхъумыщIагъэ куэд кьэхъуу щытащ...

- Пэжыр жыпIэмэ, абы и лъэныкъуэкIэ щызэпхуэдэ-анэм кьахэкIакъым. Уеблэмэ пльэпкъитIым щыщ зэщхьэгъусэхэр я сабийм адыгабзэкIэ емыпсалъэми, «дыхуейщ бзэр ищIэну» жаIэу кьэзыгъакIуэхэри яхэтщ. Езыхэр унагъуэм зэрыщемыпсэлъэфыр кьыхагъащIу, абыкIэ егъэджакIуэм и дзыхь кьаразэу аращ.

- АдыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэр сыт хуэдэ гугъуехь нэхъ фызыпэщIэхуэр? Сыт хуэдэ программэ фызэрылажьэр? Кьуажэхэмрэ кьалэхэмрэ абыкIэ зощхьэщыкIра? ТхылъхэмкIэ дауэ фыихьурэ?

- Псом я щхьэр сабийжэм бзэр ямыщIэхэу кьызэрытхуэкIуэращ. Унагъуэм деж сабийм анэдэлъхубзэр щызэхихми, сабий гъэсапIэм зэрыкIуэу ар щыIэщIэхужьыр нэхъыбэщ.

КьыхэсгъэщIпхъэщ, тхылъхэм кьинэмыщIауэ, дерсыр гурыIуэгъэ зыщI пособиехэр ди бзэкIэ куэду зэрыщымыIэр, ар ди лэжьыгъэр кьэзыIэхъэхэм ящыщщ. УрысыбзэкIэ ягъэхьэзыра сурэт тепльэгъуэхэр адыгэбзэкIэ кьыщыдгъэсэбэпыр нэхъыбэщ. Бзэр джыныкIэ нэгъуэщI гуныкъуэгъуэ диIэхъыми, адыгабзэм хуэхэа сыхьэт бжыгъэм кIэрамыуду тыншу дролажьэ. Пэжщ, кьуажэмэ кьалэмэ зэрыщылажьэ программэр зэхуэдэщ. Кьалэм дэсхэм ар хуабжьу кьыдохьэпльэкI, сыту жыпIэмэ, ар зытетъэпсыхьар бзэр фIыуэ зыгъэшIэрыуэ сабийхэращ. УрысыбзэкIэ зэддзэкIыжурэ ди Iуэхур доГъэкIуэтэ.

ТхылъэмкIэ тIуэтэжащ. ИльэситIкIэ узэIэбэкIыжмэ, тхылъыщIэхэр кьыдатауэ, псомкIи дызэхурокъу. Абы и лжьыгъэхэри нэхъ тынщщ, ипэкIэ диIа тхылъхэм ельытауэ.

- Сыт хуэдэ Iэмалхэр кьэбгъэсэбэпрэ, сабийхэр бзэм дебгъэхьэхын папщIэ?

- Сабийм дерс «Гущыlэ» дебгъэкIуэкIкIэ, бзэм дебгъэхьэхыфIныкъым. Си кьалэн нэхъыщхьэу сольытэ сабийм бзэр фIыуэ егъэльагъуныр. Тхылъэхэри Iэмал имыIэу кьыдогъэсэбэп, ауэ бгъэпсэлъэн папщIэ, ари мащIэщ. Мы зэманым интернетыр ди дэIэпыкъуэгъущ. ЦыIэщ компьютер джэгукIэм игу, адыгэбзэкIэ щIа теплъэгъуэхэр, мультфильмхэр нэхъыбэу дунейм къытохьэ. Дгъэтыр дерсхэм кьыщыдогъэсэбэп. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, мультфильмым и зы теплъэгъуэ деплъмэ, ар зэпхъыдохьыж, урысыбзэкIэ ягурызогъаIуэ, итIанэ зэхаха адыгэбзэм щыщ езыхэм кьызэрыщжалэжьынум хуэдэу упщIэжэр язот.

Адыгэ джэгукIэхэр классым щыдгъэкIуэкI щIэх-щIэхыурэ. Абыкlэ нэхъ цыкIуэхэращ кьызэщIэдыбыдэр. Класс нэхъыжьхэм щеджэжьи тхыдэр нэхъ ятыхэгъащIэ. ГъэщIэгъэнэщ, ауэ, бзэр ямыщIэми, ди сабийжэр льэпкъыпсэ-хэкупсу кьотэджхэ. Абыхэм бзэр зэрагурымыIуэр зи ягъэр анэ-адэхэращ: епсэльакъым, ирагъэщIакъым, Iэщlагъэхуащ.

Еджакlуэ ярыхьэхэм яфIэгъэщIэгъэнщ ди тхыдэр, льэпкъ фащэр, кьафэр, зыбгырыкъэр. Мис ахэр тегъэльапэ сщIыхэр, адыгэбзэкIэ кьызэрыгъэпсэльэным сыпыльщ.

- ЗэрысщIэмкIэ, адыгэбзэмкIэ щебгъадж классым музей цIыкIуи хэтщ.

- АтIэ. Ар льэпкъхэм я музейщ. Ауэ адыгэхэм я хьэпшып куэди щIэльщ. Мис ахэр куэдрэ дерсхэм кьызыдогъэсэбэп. Уэытепсэлъыхьыр сабийм щебгъэльэгъуакIэ, ар нэхъ щIэхьыу игу иреубыдэ.

- Льэпкъыбзэхэм хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм, зыикъэгъэльэгъуэныгъэхэм уи еджакIуэхэр хьыхьэрэ? КьинэмыщIауэ, ОГЭ-м деж анэдэлъхубзэр кьыхэзых щыIэ?

- КIэлэм щрагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм, олимпиадэхэм си сабийхэр Iэмал имыIэу хэтщ. Апхуэдэ Iэхуэхэри бзэм зегъэужьыныкIэ хуабжьу щхьэпэу кьызэлъыпэ. Псалъэм папщIэ, си еджакIуэ Куэбл Элинэ уэ кьеджэныкIэ ипльэсит I хьуауэ кьалэм япэ увыпIэр кьыщохьэ. Олимпиадэм мы гъэм адыгабзэмкIэ нэхъыбэ I кIуати, 5-м увыпIэр кьыхьащ.

ОГЭ-м папщIэ льэпкъыбзэр кьызэрыгъэхэпфыр хуабжьу Iэуэу хьэлэмэту, бзэр хуэмэныкIэ щхьэпэу щытащ. Си еджакIуэ куэдым ар яфIэфIу кьыхахыр, ехьулIэныгъэкIи ятыр. Адэ-анэхэмэ нэхъ гулъытэ хуащIыр я бзиным льэпкъыбзэр нэхъ зэхращэныным. Ауэ, ди жагъуэ зэрыкъуди, мы гъэм льэпкъыбзэхэр хагъэхьакъым экзаменэм зэрыпт хуэнухэм.

- Бзэр сабийхэм нэхъыфIу ебгъэщIэн папщIэ, сыт хуэдэ бгъэдыхьэкIэ щыIэн хуей еджапIэхэм?

- Кьалэм щылажьэ егъэджакIуэхэм ди зэхуэдэ гукъеуэщ бзэр зыщIэхьэрэ зы мыщIэхэмра программэ щхьэхуэ зэрамыIэр, ахэр зэхэгъэщхьэкIуауэ щытын зэрыхуейр. Пхуэздэгъэхъуркъым. НэхъыфIу бзэр зыщIэфынухэри, адрейхэм кьагурыдгъэIуэху, кьыкIэроху. Нобэ тхылъхэр ирикъуу дгъэстами, абыхэм ярыт лэжьыгъэхэр нэхъыбэм кьохьэлъэжI. КьинэмыщIауэ, сабий литературэу диIэр мащIэщ. А интернет дыдэми адыгэбзэкIэ ибгъуатэр куэд хъуркъым.

Иджыри зэ кьытызогъаззэри, адэ-анэхэм куэд дыдэ елъытащ. «Адыгабзэм жьыжь уихьынукъым», - жызыIэхэмрэ «Дыадыгэщи, сабийм льэпкъыбзэр ищIапхъэщ, тхуегъащIэ», - жызыIэхэмрэ я Iуэху бгъэдыхьэкIэр зэхуэдэ хъунущ?.

- Упсэу, ХьэIишэт. ФыщIэ пхузощI бзэм теухуауэ щIэблэм узэрелаIэм папщIэ.

Епсэльар

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэщ.

Усыгъэрэ макъамэкIэ зэхэухуэна пшыхь

Черкесск къалэм дэт курыт еджапIэ №6-м, Льэпкъыбзэхэр хъумэным и махуэм ипкъ иту, адыгабзэмкIэ усэ кьеджэнымкIэ къалэдзс ныбжьыщIэхэр щызэпеуащ.

Усыгъэрэ макъамэкIэ зэхэухуэнауэ «Унагъуэм и ильэсым» кьызэрагъэпэща зэхьыхь щхьэпэр унагъуэ льапIэныгъэхэм, зэIыхьылыхэм яку дэлъ зэхущытыкIэ дахэмрэ гуапагъэмрэ хуэгъэпсат. Пшыхьыр зэрекIуэкIар адыгэбзэщ. Гуапэщ къалэ курыт еджапIэхэм дежкIэ мытынш а Iуэхум зэрытегушхуар. Адыгэ фащэкIэ хуэпа, адыгэ щэн зыдэплъагъу, адыгабзэкIэ зэпсалъэ ныбжьыщIэ цыкIухэм ахэращIыну гухэхъуэт. Льэпкъым дежкIэ насып псом я щхьэщ щIэблэ узынщэ, и анэдэлъхубзэ зыIурылъ кьыщIэхъуэныр, абы елъытауэ. адрей ехьулIэныгъэ псори гуэдзэнщ. Ар щымыIэмэ, льэпкъым сыт фIагъ бгъэдэлъми, псэнщэщ.

Курыт еджапIэм щIэс ныбжьыщIэ цыкIуэхэм пшыхьыр кьызэIуахри, «Унагъуэм и ильэсым» и мыхьэнэм, унагъуэм цIыхум кьихилтхьэ кьарум щытепсэлъыхьащ.

НыбжьыщIэ цыкIухэм я зэфIэкIыр щыпатащ: «Адыгэ Хасэ – Шэрджэс Парламент» льэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и вице-президент, КъШР-м и Цыхубэ Зэ1ущIэм (Парламентым) и депутат Аслъан Алий, Черкесск къалэ мэрием егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и Iэщlагъэрылажьэ нэхъыщIхьэ Агырбэ Хъаджэт, методист Ахбэ Зое, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ, усакIуэ, «Архъыз-24» каналым и лжьыкIуэ Чэнджэщауэ Артур, Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ адыгэ драмэ театрэм и артист Мамыжь Хьэзрэт сымэ.

Кьыззэхуэсахэм фIэхъус псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ курыт еджапIэ №6-м и унафэщI Клименкэ Галинэ.

- Сэ икъукIэ сфIэфIщ анэдэлъхубзэкIэ зэхьыхьэхэр ди еджапIэм щащIкIэ. Ди къалэн нэхъыщхьэр къыдэкIуэтей щIэблэм дадэIэпыкъуурэ щхьэж и анэбзэр едгъэхъумэнырщ, ар кьабзэу Iурылъу кьэдгъэхъуныр щ. Фи бзэр фэ фIыуэ фымыльагъумэ, фымыхъумэмэ, нэгъуэщI льэпкъым щыщхэм яльагъунукъым, яхуэджынукъым, нэсу зыхащIофынукъым. ЛъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ анэдэлъхубзэр фхъумэну фыкъыхуэзоджэ, - захуигъэзащ Си щхьэкIэ сфIэгъэщIэгъуэн хъуам и гугъу сщIынут. А зэпеуэм хэта цIыху 17-м щыщу (8-р пэщIэдзэ классым, 7-р класс нэхъыжьхэм щеджэу), класс нэхъыщIэм щ бзэр анэдэлъхубзэм нэхъ хуэкъутауэ, нэхъ кьабзэу псалъэу кьысщыхъащ. Абы кьикIащи, бзэм и кьарур кьызэрогъэутыж, лъабжьэм зеубгъу. Ар зи фIыгъэр адэ-анэм я закъуэу ямытэмэ, пIы тхьэщ, дауи. Дэ зыкуэдгъазэрэ депсэлъащ илъэс 30-м щIигъуауэ адыгабзэмкIэ езыгъаджэ, мы зэхьыхьэ гуапэр кьызэзыгъэпэща Щауэ Марьянэ. Абы кьызэрыджиIамкIэ, кьалэ курыт еджапIэ псоми хуэдэу, мыбы екIуалIэхэм адыгабзэр мащIэ дыдэу фIэкIа зыIурымыльэ яхэтщ, ауэ Марьянэ ахэр хуэмурэ я анэдэлъхубзэм дрегъэхьэх, хабзэм и дахагъэр ярегъэльагъу, яхелъхэ. Абы и щыхьэт нахуэщ мы зэхьыхьэр. Мы махуэм Щауэ Марьянэ курыт еджапIэ №11-м адыгабзэмкIэ щезыгъаджэ Хьыгту Хьэ1ишэти хуагъэфэщащ Парламентым и Президиумым и Щlыхь тхылъ.

КьэпщытакIуэ гупым я къалэныр тыншу щымытами, ахэр зэчэнджэща, ягъэуба бжыгъэхэр зэхалъхьэжа иужь, псомиефIэкIыу усэ кьеджэхэмрэ зэрегъаджэ, зыгъасэ егъэджакIуэхэмрэ КъШР-м и Адыгэ Хасэм и щIыхь тхылъкIэ, депутат Хьупсырокъуэ Алий кьыбгъэдэкIа сагугъэтэмкIэ кьыхагъэщащ, ягъэльэпIащ.

«Бзэр тIащIэкIмэ, дылъэпкъым», - жиIэгъащ усакIуэ Бештокъуэ Хьасан. ГъащIэм хуэдэу Iэрыхьэ-Iэрыкl бзэр щIэблэ кьытщIэхъуэм яIурытIхъэну зыщIдвмыгъэгупщэ, девмыгъэпэгэкI. Лъэпкъым и гъащIэмрэ анэдэлъхубзэмрэ зыкIэщIопч мыхьэну Iуэхуэгъэщ!

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Нэхъри дызэкъуэзыгъэувэ щхьэусыгъуэ дахэ

(*КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

КъБКъУ-м къекIуэлIахэм ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къэблагъэ махуэщIымкIэ ехъуэхъуащ икIи фIыщIэ яхуищIащ Iуэрытхым хэтыну жэрдэм зэращIам папщIэ.

«Илъэс зыбжанэ хъуауэ едгъэкIуэкI мы Iуэхугъуэм нэхъыщхьэу и лъабжьэм щIэлъыр ди бзэр, ди хабзэр зэрытхъумэнырщ. Ди гуапэ зэрыхъущи, илъэс къэс яфIэфIу диктантым къыхохьэ щIыпIэ куэдым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр. Къыхыхьэ цIыхухэм я бжыгъэр хохъуэ. Абы уримыгушхуэу къанэркъым. ЗэрыфщIэщи, Урысейм и Президентым и унафэкIэ, 2024 гъэр Унагъуэм и илъэсу ягъэуващ. Абы ипкъ иткIэ, дэри ди Iуэрытхым а Iуэхугъуэр лъабжьэ хуэтщIри, ди тхыгъэр адыгэ унагъуэм тедухуащ, къыхэтха текстми фIэщыгъэ хуэтщIари аращ. Ар Шэрджэс Алийрэ Хьэкъун Мухьэмэдрэ къыдагъэкIа «Адыгэхэмрэ абыхэм я хабзэхэмрэ» тхылъым къыхэтха пычыгъуэщ. Дунейм адыгэу тетым мы зэхыхьэм и фIыгъуэ куэд къыхудэкIуэну сыщогугъ. Бзэр мыкIуэдмэ, лъэпкъри псэунщ!» – жиIащ Сэхъурокъуэм.

Лъэпкъ библиотекэм щекIуэкIа Iуэрытхым къыщызэхуэсахэм Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд фIэхъус яриха нэужь, къыхигъэщащ лъэпкъым декIэ махуэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «Къыпхуэмылъытэнуинщ икIи пщIэшхуэ зыпылъ Iуэхугъуэщ адыгэбзэ Iуэрытхым зэрылъэпкъыу дызэрыщызэхуэсыр. Ди гъусэу нобэ ар ятхынущ УФ-м и щIыналъэхэми, хамэщI щыпсэу ди къуэшди шыпхъухэми. «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр илъэс Iэджэ ипэкIэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыхилъхьэри, иужькIэ ДАХ-м диIыгъауэ щытащ, хуэмурэ абы зиубгъури, гъунэгъу хэгъэгухэми щекIуэкI хъуащ. Абы и пщэрылъ нэхъыщхьэхэм ящыщт бзэм и Iуэхур утыку щIыныр. Нобэ екIуэкI Iуэрытхыр абы къарикIуа жэрдэмщ, жытIэмэ, щыуагъэ хъуну къыщIэкIынкъым. Тхыгъэр бзэр зэрахъумэ Iэмал гъуэзэджэщ. Абы иплъхьэ псалъэмрэ гупсысэмрэ кIуэд яIэнукъым. Хуабжьу дыщогугъ ди щIалэгъуалэм анэбзэм хуаIэ щытыкIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зрагъэужьыну, хуэфащэ гулъытэ хуащIу игъэсэну», – жиIащ ХьэфIыцIэм.

КъБКъУ-м къыщызэхуэсахэм тхыгъэм къахуеджащ ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэ центрым и унафэщI Езауэ Мадинэ, КъБКъМУ-м щызытхахэм - Шэджэм къалэм дэт, дерс щхьэхуэхэр кууэ щрагъэджу Дэбагъуэ Барэсбий и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэхэу Къармэ Мадинэрэ Тумэ Заретэрэ, Лъэпкъ библиотекэм щызытхахэм - Налшык къалэм дэт гимназие №4-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Къумахуэ Маринэ.

Анэдэлъхубзэм и пщIэр къэзыIэт сыт хуэдэ Iуэхугъуэ дахэми уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым, псом хуэмыдэу лъэпкъ мащIэхэм я бзэр щытыкIэ гугъум зэритыр къыщыбгурыIуэм деж. Апхуэдэу щыт пэтми, Iуэрытхыр щекIуэкIа щIыпIэхэм щIалэгъуалэ хъарзынэ екIуэлIащ, анэбзэр иджыри Iэджэрэ зэрыщыIэнумкIэ фIэщхъуныгъэ къуату. Дыщогугъ жэрдэмыр къыщIыхалъхьа щхьэусыгъуэр мащIэ ищIу, бзэр гъащIэм лъэ быдэкIэ хэзыгъэт гузэхэщIэ узыншэхэр мы Iуэхугъуэ дахэм къыдэкIуэну.

ШУРДЫМ Динэ.
Сурэтхэр тезыхар **КЪАРЕЙ Элинэщ**.

Анэдэлъхубзэм и щытыкIэмкIэ жэуап дохь

Тыркум щыIэ Ерджиес университетым и егъэджакIуэ, профессор ИУАН Зэуал топсэлъыхь анэдэлъхубзэм нобэ и Iуэху зыIутым:

- Алий Умар и цIэр зезыхьэ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым анэдэлъхубзэхэр хъумэным теухуауэ куэд елэжь. Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр хъумэнымрэ абыхэм зегъэужьынымрэ ехьэлIауэ. Абы гулъытэ нэхъ щIыхуащIыр а бзэхэр зэман кIэщIкIэ кIуэдыжын гъуэгум теувауэ ЮНЕСКО-м къызэрилъытаращ. Иджыблагъэ ирагъэкIуэкIа конференцым университетым и ректор Узденов Т. А. щыжиIэгъащ: «Дэ зыкъыдолъытэж анэдэлъхубзэхэм я щытыкIэмкIэ жэуап зыхьхэм дащыщ зыуэ: илъэс 80 хуэдиз хъуауэ догъэхьэзыр анэдэлъхубзэхэмкIэ егъэджакIуэхэр, идогъэкIуэкI бзэхэм теухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр, курыт еджапIэхэмрэ ищхьэ еджапIэхэмрэ зэрыщрагъэджэн тхылъхэр, методикэ чэнджэщхэр къыдыдогъэкI».

Лъэпкъыбзэхэр зэрыхуа щытыкIэ хьэлъэм къыхэкIкIэ, университетым лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI пIалъэ кIэщIыми нэхъ кIыхьми теухуауэ. Апхуэдэу, университетым къыщызэрагъэпэщащауэ мэлажьэхэр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр хъумэнымрэ абыхэм зегъэужьынымрэ хухэха купсэхэр, хэгъэгум зэгуэрми щымыIауэ лъэпкъыбзиплIымкIэ къыдэгъэкIын щIадзащ литературэм, щIэныгъэ-егъэджэныгъэм хуэгъэпса журналхэр. Абы ящыщщ адыгэбзэкIэ къыдэкI «Хэку» журналыр. Мыбы и гъэхьэзырыныр сэ си пщэ къралъхьати, адыгэ литературэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр зыхэт гуп къызэзгъэпэщауэ долажьэ, къыдэкIыгъуэуи щы дунейм къытедгъэхьащ, еплIанэри дгъэхьэзырауэ тхылъ тедзапIэм щIэлъщ. Гу лъывэзгъэтэну сыхуейщ мы журналым зы Iыхьэ хэха зэриIэм хамэщI щыпсэу адыгэхэм тхакIуэу, усакIуэу къахэкIахэм я IэдакъэщIэкIхэр щытеддзэу. Япэрей къыдэкIыгъуэхэм итщ, псалъэм папщIэ, Тыркум щыпсэу адыгэхэм ящыщу Тегъулэн Екъуб, КIэдыкIуей Еркъан, Токъмакъ Айдын, Еутых Турхьэн, Маргъуш Везир, КIэрэф Эрол, Шакъ Айнур (я адыгэ унэцIэхэращ стхыр) сымэ я тхыгъэхэр.

Нэхъри дызыщыгуфыкI Iуэхугъуэщ адыгэ литературэм зи лъэ быдэу щыува тхакIуэхэм ныбжьыщIэхэри къазэрыхыхьар. Апхуэдэхэщ Ерджиес университетым и адыгэбзэ къудамэр нэгъабэ къэзыуха пщащэхэу ЛIыгуащIэ Мукъаддэсрэ ВэрылI Нэшэрэ. Мукъаддэс адыгэбзэ дахэкIэ итха тхыгъэ кIэщIхэм, Iуэтэжхэм зэуэ уи нэгу къыщIагъэувэ езыр зыщыпсэуа къуажэм, къуажэдэсхэм я теплъэр, я гъащIэр. Нэшэ нэхъ мащIэ итхами, нэрылъагъу къищIащ, адэкIэ къыпищэмэ, усакIуэ нэс къызэрыхэкIынур.

Аращи, мы журналым зы къалэн пажэ игъэзащIэу къызолъытэ: хэкурыс адыгэ тхакIуэхэмрэ хэхэс адыгэ тхакIуэхэмрэ зэрызэпищIэр, абы и фIыгъэкIэ налъэ-налъэу зэхэлъ зы адыгэ литературэ зэрыщыIэр наIэу къызэрищIыр.

Мы гъэми мазаем и 21-м ехъулIэу Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым и жэрдэмкIэ екIуэкIащ псоми зэдатх Ещанэрей Дунейпсо Iуэрытххэр – абазэбзэкIи, адыгэбзэкIи, къэрэшеибзэкIи, нэгъуеибзэкIи.

Iуэрытхыу ятхынур къыхах хабзэщ тхакIуэ цIэрыIуэхэм я тхыгъэхэм. Адыгэ тхакIуэшхуэ, усакIуэшхуэ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 110-рэ зэрыхъур Iуэхум къыхалъытэри, абы и «Хъуэпсэгъуэ нур» романым и Iыхьэ къыхахащ. Абы къинэмыщIауэ, Iуэрытхым къеджэну кърагъэблагъэ хабзэщ адыгэ щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа адыгэ цIэрыIуэхэр. Мы гъэм ар хуагъэфэщащ икIи кърагъэблэгъащ дэни щыпсэу адыгэ псоми фIыуэ ящIэ, фIыуэ ялъагъу уэрэджыIакIуэ Нэхущ Чэрим. Езы Чэрими къезыгъэблэгъахэм я хьэтыр илъэгъуащ, икIи, и узыншагъэкIэ гугъусыгъу гуэрхэм хэтми, абы щхьэкIэ къимыгъанэу, Налшык икIри Карачаевск къалэм кIуащ, махуэ псом зэфIэту Iуэрытхым къеджэным зыхуигъэхьэзыращ икIи къеджащ. Университетым и ректор Узденов ТаусулътIани абдежым кърихьэлIахэми Чэрим фIыщIэшхуэ хуащIащ абы папщIэ.

Мы Iуэрытхым адыгэу къыхыхьахэр зыщыпсэум уеплъмэ, гур хохъуэ, сыту жыпIэмэ «сыадыгэщ, си адыгэбзэр сощIэж»» жызыIэу дунейм куэд зэрытетыр уегъэлъагъу. Псалъэм папщIэ, Америкэм щыпсэу адыгэ щIалэ, ХьэжрэтымкIэ щыIэ Хьэгъундыкъуей къуажэм щыщ, тхэквондо бэнэкIэмкIэ Европэм и чемпион КIэщт Мурат (мыр Дагъыстэным щыщ бэнакIуэ цIэрыIуэ Нурмагомедов Хьэбиб и япэрей гъэсакIуэщ) Iуэрытхыр итхащ икIи мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ адыгэхэм захуигъэзащ: «Сэ сыадыгэщ. ЩIыпIэ куэдым сыщыпсэуащ, иджыпсту Америкэм и Нью-Джерси штатым сыщопсэу. Дэнэ сыщыIэми, сызэрыадыгэр сщыгъупщэркъым. Мис, ноби Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым къызэригъэпэщауэ екIуэкI Iуэрытхым сыхэтыну мурад сщIащ си адыгэбзэр зэрысщымыгъупщар, фIыуэ зэрыслъагъур наIуэ сщIын папщIэ. Ирепсэу, ирефIакIуэ ди адыгэбзэр!» Дауи, а псалъэхэр дэтхэнэ адыгэми хуэгъэзащ.

Адыгэм хэхауэ нэхъри дгъэлъапIэу диIэщ гъатхэпэм и 14 махуэу Адыгэ тхыбзэм и махуэр. Зи гугъу сщIа Iуэрытхым хуэдэуи, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщауэ илъэс къэс йокIуэкI адыгэбзэкIэ Iуэрытхыр. Псори зытеухуэжар адыгэбзэм и пщIэр къэIэтыныр, лъэпкъым анэдэлъхубзэмкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэр адэкIи егъэфIэкIуэныр, щэнхабзэр хъумэныр аращ.

Абы хэтынущ Къайсэр дэт Ерджиес университетым и адыгэбзэ къудамэм щеджэ студентхэри. КъинэмыщIауэ, программэ щхьэхуэ зэхалъхьауэ пшыхь ирагъэкIуэкIынущ: къеджэнущ адыгэ усакIуэхэм я усэхэм, езыхэм зэхалъхьахэм, адыгэ уэрэдхэр жаIэнущ, адыгэ шхыныгъуэхэр ягъэхьэзырынущ.

Мы псори щIекIуэкIыр анэдэлъхубзэр мыкIуэдын, абы адэкIи зиужьын папщIэщ. Ар зи бзэрэ зи хабзэрэ мыкIуэдыжын лъэпкъ дыхъуну гугъапIэ къыдэзыт Iуэхухэщ. А Iуэхум зи гуащIэ хэзылъхьэ дэтхэнэри Алыхьым иузэщI!

Гумрэ псэмрэ зэщIэзыIэтэт

Анэдэлъхубзэр сыт лъэхъэни ялъытэ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэу. Анэбзэм хуэшэрыуэ, абыкIэ зи гупсысэхэр нэгъэсауэ къэзыIуэтэф цIыхум и зэхэщIыкIыр нэхъ куущ, акъылыр нэхъ жанщ, и дуней тетыкIэри нэхъ дахэщ. Апхуэдэхэращ бзэм и къарумрэ и IэфIагъымрэ псэкIэ зыхэзыщIэфыр, къызыхэкIа лъэпкъым и деж пщIэи нэмыси щызыгъуэтыфыр. Лъэпкъым бгъэдэлъ псэкупсэ къулеягъым щIэблэр ешэлIэнымкIэ, и хабзэр, тхыдэр фIэгъэщIэгъуэну зригъэщIэнымкIэ, шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ иIэщ анэдэлъхубзэм. А псоми къыхэкIыу ар къалъытэ курыт школхэм щекIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и лъабжьэу, ауэ щыхъукIэ, ар зэрадж Iэмалхэр егъэфIэкIуэнри лъэпкъым къыпэщылъ Iуэхугъуэ нэхъ щхьэпэхэм ящыщщ.

А Iуэхугъуэхэм гулъытэшхуэ зэрыхуащIыр нэрылъагъуу, Аруан районым и курыт школхэм щрагъэкIуэкIащ АнэдэлъхубзэмкIэ мазэ лэжьыгъэ. Ар щIыналъэм хыхьэ жылэхэм дэт курыт школхэм щаублащ Анэдэлъхубзэр хъумэным и дунейпсо махуэм. Гъатхэпэм и пэщIэдзэри къиубыду, еджапIэхэм мазэм нэскIэ щекIуэкIащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ дерс зэIухахэр, литературэмакъамэ зэIущIэхэр. Класс куэдым къыдагъэкIащ блын газет гъэщIэгъуэнхэр, купщIафIэхэр. Удэзыхьэхт еджапIэхэм къыщызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэр. Газетхэм ибгъуэтэнут адыгэ тхыбзэм и тхыдэм епха тхыгъэхэри, абы елэжь щIэныгъэлIхэм ятеухуа очеркхэри, ди анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр, лъэщагъыр, беягъыр къызыхэщ усэхэри, псалъэжьхэри, жыIэгъуэхэри. А лэжьыгъэхэм къыкIэлъыкIуэу лъэпкъ таурыхъхэм, адыгэбзэм кърагъэзэгъа нэгъуэщI псысэхэм щыгъуазэ хуащIащ класс нэхъыщIэхэм щIэс цIыкIухэр, адыгэ тхыдэм, хабзэмрэ нэмысымрэ ятеухуа теплъэгъуэ кIэщIхэр ягъэуващ еджакIуэ нэхъыжьхэм. А лэжьыгъэ псори екIуэкIащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школхэм щезыгъэджхэм я нэIэм щIэту, районым адыгэбзэмкIэ и методистхэм, ИМЦ-м и IэщIагъэлIхэм зэраубзыхуамрэ Аруан районым егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм и пашэм нэхъапэIуэкIэ а Iуэхум ехьэлIауэ къыдигъэкIа унафэмрэ тету.

Мазэ лэжьыгъэм щрипльэж районпсо пшыхь иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ щIыналъэм. Еплъыныгъэ-зэпеуэ мардэм изагъэу екIуэкIа зэхуэсыр унэтIыныгъэ зыбжанэу зэщхьэщыхауэ щытащ: «Лъэпкъ къафэ», «Театр теплъэгъуэхэр», «ЗэгурыIуэныгъэм, мамырыгъэм я щIыналъэ», «Хабзэ». А Iуэхугъуэхэм ятещIыхьа лэжьыгъэфI утыку кърахьащ районым и еджапIэхэм екIуалIэ ныбжьыщIэхэм. Гумрэ псэмрэ зэщIэзыIэтэт, лъэр щIэзыгъэкIт Псыгуэнсу и еджапIэ №1-м, Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №5-м, Чёрная Речкэ дэт курыт школым я гъэсэнхэм ягъэзэщIа адыгэ къафэхэр. Абы Iэгуауэ иныр хуаIэтри, къыкIэлъыкIуэу утыкур хуит хуащIащ «адыгэм хэлъа хабзэ дахэм и тхьэгъушыр жыжьэ щызыгъэIуа» ныбжьыщIэхэу Нарткъалэ дэт лицеймрэ Псыкуэд дэт курыт школымрэ къикIахэм. Абыхэм ягъэлъэгъуащ щауэишыж хабзэмрэ адыгэ Iэнэм щызекIуэ хабзэхэм ящыщу щхьэщIэлъэныкъуэр зэракъутэ-зэрагуэшымрэ ятеухуа теплъэгъуэ хьэлэмэтхэр. Макъамэрэ усэу зэхэтт Нарткъалэ дэт еджапIэ №2-м щыщ ныбжьыщIэхэм утыку ирахьа я лэжьыгъэ купщIафIэр. Апхуэдэу ныбжьыщIэхэр екIуу тепсэлъыхьащ адыгэхэм ди хабзэ дахэхэм, ахэр езыхэм екIуу зэрызэрахьэфри нэрылъагъу ящIащ.

Пшыхьым жыджэру хэтащ Нарткъалэ, Псыгуэнсу, Джэрмэншык, Псынабэ, Псыкуэд, Шэрэдж Ищхъэрэ, Дохъушыкъуей, Чёрная Речкэ, нэгъуэщI жылэхэми щылажьэ курыт школхэм я еджакIуэхэр. Къызэхуэсахэр я макъ жьгъырухэмкIэ къыдахьэхащ еджакIуэ цIыкIухэм. Ди анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр, дахагъыр абыхэм псэкIэ зэрызыхащIэр къыщагъэлъэгъуэфащ ягъэзэщIа уэрэдхэм, къызэджа усэхэм.

КъэпщытакIуэ гупым хэтащ Аруан район администрацэм и Iэтащхьэм и дэIэпыкъуэгъу Бжьэдыгъу Мурат, адыгэбзэмрэ литературэмрэ щIыналъэм щезыгъэджхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Тхъуэст ФатIимэт, районым и егъэджакIуэ пашэхэу ГъукIэпщокъуэ Iэсият, Хьэкъун Хьэлимэт, КIущ Iэсият сымэ. Ахэр набзэгубдзаплъэу кIэлъыплъащ курыт школхэм къикIауэ районпсо утыкум зи зэфIэкIыр, щIэныгъэр щызыгъэлъэгъуа ныбжьыщIэхэм. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм зэраубзыхуамкIэ, унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ япэ увыпIэхэр къахьащ Джэрмэншык, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэхэм дэт курыт школхэм, Дохъушыкъуей жылэм дэт курыт школ №1-м, Нарткъалэ дэт лицей №1-м и еджакIуэхэм. ЕтIуанэ хъуахэщ Псыгуэнсу дэт курыт школ №1-м, Чёрная Речкэ, Псыкуэд дэт курыт школхэм, Дохъушыкъуей дэт курыт школ №2-м я лIыкIуэхэр. Ещанэт Псынабэ дэт курыт школымрэ Нарткъалэ и курыт школ №№1, 5-хэм къикIа ныбжьыщIэхэмрэ. Абыхэм псоми хуагъэфэщащ егъэджэныгъэмкIэ район IэнатIэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ.

- Зи бзэр зымыджыжрэ, Iумпэм зыщIрэ къытхэмыту, ди лъэпкъым зиужьрэ ефIакIуэу, дыщIэгушхуэн щIэблэ ди куэду, ди анэдэлъхубзэр дэнэкIи щыушэрэ шэрыуагъыр IуэхуфIхэмкIэ дгъэлъагъуэу, мыкIуэдыжын, бэгъуэн лъэпкъ Тхьэм дищI! – апхуэдэ псалъэхэр зыхэт хъуэхъу купщIафIэхэмкIэ зэхуащIыжащ пшыхьыр. ГуфIэгъуэм и кIэухт ныбжьыщIэхэм зэхаша адыгэ джэгу дахэр. Апхуэдэ щIэблэт, шэч хэмылъу, зи гугъу ищIар Бемырзэ Мухьэдин, мы усэ сатырхэр щитхым: «Си лъэпкъым щIэблэ къыщIэхъуам Насып вагъуэбэу ужьэхэпсэу, Я нэхъ тхьэмыщкIэ ар щыхъуам УреIэ уэ, си адыгэбзэ!»

КЪАРДЭН Маритэ.

Куэд щIауэ согупсыс

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Бжыгъэ технологиехэмрэ зэхэщIыкI IэрыщIымкIэ и институтым и магистратурэм щIэс Шэшэн Лацэ зэхигъэуващ адыгэбзэр тыншу яджынымкIэ «Псалъэ» зыфIища сайтыр. Ар иджыблагъэ абы утыку къыщрихьащ Кавказ Ищхъэрэм и щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я проектхэр щагъэлъэгъуа XVIII зэхыхьэм. Хъыджэбзым упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ Iуэхум елэжьын хуей щIэхъуам, ар къызэригупсысам теухуауэ.

- МЫ ПРОЕКТЫМ хуэдэ диIэн зэрыхуейм илъэс куэд щIауэ согупсыс - япэ курсым адыгэбзэм и зэхэлъыкIэмрэ ар нэгъуэщIхэм къазэрыщхьэщыкIымрэ дагъэджын щыщIадзам щегъэжьауэ. Ауэ абы щыгъуэм а Iуэхум хэсщIыкIыр мащIэти, еплIанэ курсым и кIэм лэжьыгъэм иужь сихьауэ аращ. Адыгэбзэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмрэ сыдригъэхьэхащ си адэм: ар хэкури ди лъэпкъри фIыуэ зылъагъущ, адыгэбзэкIэ фIэкIаи къызэпсалъэртэкъым. Къапщтэмэ, аращ си бзэм хузиIэ лъагъуныгъэр къысхэзылъхьар. Апхуэдэуи си гукъэкIыж нэхъыфIхэм ящыщщ щэбэт къэс папэ и гъусэу дытIысурэ, «Адыгэ псалъэ» газетым къытехуэ псалъэзэблэдзыр тщIыжу зэрыщытар.

- Сайтыр дауэ зэхэт, сыт нэхъыбэу зытещIыхьар, Лацэ?

- Ар зэхэгъэувэныр иджыри и кIэм нэсыпакъым. Абдеж адыгэбзэ зымыщIэхэм е мащIэ дыдэу фIэкIа къэзымыгъэсэбэпыфхэм зыщыщагъэгъуэзэфынущ къэпсэлъыкIэми тхыкIэми. УпщIэхэр, дерсхэр джэгукIэ жыпхъэм иту щытынущ, апхуэдэ IэмалкIэ цIыхум нэхъ щIэхыу бзэр къызэрищтэр, нэхъыбэ игу ириубыдэфу зэрыщытыр къэлъытауэ. Сэ мызэ-мытIэу щыхьэт сытехъуащ бзэр джынымкIэ мыпхуэдэ лэжьыгъэ гуэрхэр (гугъу демыхьу езыр-езыру зэрагъэщIэфын хуэдэу) цIыхум зэрамыгъуэтым къыхэкIыу, анэдэлъхубзэр IэщIыб яфIэхъужу. А Iуэхум уримыгузавэ хъунукъым икIи сыщогугъ «Псалъэ» проектыр абы и хэкIыпIэхэм ящыщ зы хъуну.

- Псалъэхэр къыхэхынымкIэ, упщIэхэр зэхэгъэувэнымкIэ зыгуэрхэм уечэнджэщрэ?

- Шэч хэмылъу. Мы Iуэхум ехьэлIауэ сыт и лъэныкъуэкIи чэнджэщэгъуу сиIэщ КъБКъУ-м адыгэбзэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ Къардэн Мусэдин. Абы дерсхэр зэрызэхагъэувэм теухуауэ сыхьэт 60-м нэс къызэщIиубыдэу езым игъэхьэзырахэр къызитауэ сыхоплъэ, икъукIэ фIыщIэшхуэ хузощI. Мыдрейуэ программэм и теплъэ хъунумрэ сабийхэр егъэджэнымкIэ щыIэ жыпхъэхэмрэ сэ къызох литературэ зэхуэмыдэхэм, интернетым.

- ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я проектхэр иджыблагъэ щагъэлъэгъуа XVIII зэхыхьэм КъБР-м и Парламентым и депутатхэм уи лэжьыгъэм гулъытэ щыхуащIащ.

- Пэжщ. Абыхэм си Iуэхур къызэрыздаIыгъыр къыхагъэщащ, гу зылъытапхъэхэри къызжаIащ. Псом хуэмыдэу егъэджэныгъэм и Iэмалхэм нэхъ кууэ зыщызгъэгъуэзэну депутатхэм чэнджэщ къызатащ. Шэч хэмылъу, абы иужь ситынущ.

- Гъэлъэгъуэныгъэм «Социальнэ проект нэхъыфI» и Iыхьэм текIуэныгъэр къыщыпхуагъэфэщащ. АдэкIэ дауэ Iуэхум зебгъэужьыну? Сытхэр уи мурад?

- Сайтым адыгэбзэр зэрыщаджыну тхыгъэхэм къищынэмыщIа, адыгэ псалъалъи къыщыбгъуэту сщIыну си мурадщ. Псалъэхэмрэ псалъэухахэмрэ макъкIэ зэрыIуми абдеж ущедэIуэфу щIыным иджыпсту иужь сихьащ. Дерсхэм я бжыгъэр зыхуэдизынур пыухыкIауэ схужыIэнукъым, зэман-зэманкIэрэ щIэхэр хэдгъэхьэу, щIыдгъуу тщIынущ. АдэкIэ лэжьыгъэм и дизайныр нэхъ щIэщыгъуэу икIи тыншу зэхэгъэувэным сегупсысынущ, нэгъуэщI къалэн куэди зыхузогъэувыж. Ахэр псори хьэзыр хъумэ, абы итыр инджылызыбзэкIи зэдзэкIауэ сщIыну си гугъэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, мурадхэр куэд мэхъу.

ЕпсэлъаР
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Еджагъэшхуэхэри щыхьэт тохъуэ

• Псалъэ зэпэджэжхэр

Тхыдэ жыжьэм тещIыхьа бзэщIэныгъэм дылъэмыIэс ипэ къыхэдгъэщынщи, адыгэхэр нэгъуэщI лъэпкъхэми ядэгъуэгурыкIуащ, арщхьэкIэ ахэр абхъаз-абазэхэм хуэдэу гъунэгъу къытхуэхъуфакъым.

АПХУЭДЭУ ижькIэрэ дызэрызэхущытыр къызыхэкIар гъунэгъуу дызэрыпсэуа къудейр аракъым, атIэ, илъэс мин блэкIахэм я деж къыщегъэжьауэ зы лъабжьэ зэрызэдиIарщ. ЗэкъуэпсэгъуэхэР ди хабзэкIи зэхэтыкIэкIи дызэгъунэгъущ, ди гупсысэкIэми дуней тетыкIэми зэщхь куэд хэлъщ.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Абдокъуэ Iэуес "Фонетические и лексические параллели абхазо-адыгских языков» и тхылъ купщIафIэм дыкъыщоджэ: «Абхъаз-адыгэхэм я бзэхэр зэрызэблагъэр шэч къызытумыхьэжынщ. Абыхэм зэпэджэжыныгъэу дызыщрихьэлIэм я нэхъыбэр, зэIэпаха къудей мыхъуу, ящыщ дэтхэнэми лъабжьэ щызиIэщ, зэрыщызэщхьри къызэрыщыщIэтэджари нэрылъагъуу».

Пэжщ, ижь-ижьыж лъандэрэ къызэрежьауэ, щIыналъэкIэрэ зэлъэIэс лъэпкъхэр гъащIэм и лъэныкъуэ IэджэхэмкIи зэдогуашэ: зым ижь адрейм щIихуу, зым имыIэр адрейм и деж щигъуэту.

Иужьрей лIэщIыгъуэхэми ди яку дэлъа зэпыщIэныгъэхэм яжь къащIихуащ, нэхъри теплъэ зэщхь ягъуэту, адыгэхэмрэ абазэхэмрэ (абхъазхэм зэкIэ я гугъу дымыщIу) зэрахьэ бзэхэм: адыгэхэм къагъэсэбэп псалъэ куэд абазэбзэм хыхьащ, абазэбзэм щыщхэри адыгэбзэм щыщ хъуащ. Псалъэм папщIэ, ди бзэм къыхэкIыу абазэбзэм къищта псалъэхэм куэду яхэтщ удз, жыг, хадэхэкI, пхъэщхьэмыщхьэ фIэщыгъэхэр.

ЖыгыцIэхэм ящыщу щапхъитI къэтхьынщ. Япэ идгъэщынщ ахэр абазэбзэм къызэрыщапсэлъымрэ абдежым щрата мыхьэнэмрэ, иужькIэ къыхэдгъэщынщ абы хуэбгъэдэну адыгэбзэм хэт фIэщыгъэр, языныкъуэхэм дежи урысыбзэкIэ и мыхьэнэр гъэбелджылыжауэ:

«Бджьый» (абазэ) - (тхудэшеяфэ, чинарэ) - «бжей» (адыгэ) - (бук).

Мы фIэщыгъэм теухуауэ бзэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Къумахуэ Мухьэдин зэригъэувымкIэ, ар «бжэ» псалъэм еигъэ къэзыгъэлъагъуэ суффикс «ей»-р пыувэкIэрэ къэхъуащ.

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и академик, профессор Шагъыр Iэмин зэрыжиIэгъауэ, жыгыцIэм лъабжьэ хуэхъуар бжы (зэрыпыджэ пасэрей Iэщэ) псалъэрщ. Абы и щыхьэту Шагъырым къеэхь шапсыгъ диалектым хэт пчыйэ жыгыцIэу пчы (бжы) псалъэм къытехъукIар.

Къэтхьа щапхъэм техуэу, адыгэбзэм дыщрохьэлIэ апхуэдэ щIыкIэкIэ къэхъуа къинэмыщI жыгыцIэхэми. Псалъэм папщIэ, «Iэней» - бгылъэ мэзхэм къыщыкI жыг лIэужьыгъуэщ. Адыгэхэм а фIэщыгъэр абы иратащ Iэнэ къыхащIыкIыу зэрыщытам къыхэкIыу - «Iэней» («Iэнэ» + «ей»).

ЩIыуэпсым ехьэлIауэ адыгэ-убых-абхъаз бзэхэм щызэпэджэжу хэт псалъэхэри мащIэкъым. Абы и щыхьэту къэдгъэлъэгъуэнщ бзэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Къумахуэ Мухьэдин «Очерки общего и Кавказского языкознания» и тхылъ купщIафIэм къыщихьахэм ящыщ щапхъэ зыбжанэ:

Псыхъу – шапсыгъ; **псыхъуэ** - къэбэрдей-шэрджэс.

ПсыпцIэ - къэбэрдей-шэрджэс; **уэрэжь** – убых; **уэрыжь** - кIахэ адыгэ.

Псы - адыгэбзэ псоми; **бзы** – убых; **дзы** – абазэ; адзы - абхъаз.

Псы щIыIэ - къэбэрдей-шэрджэс; **псы чъыIэ** - кIахэ адыгэ; **бзы тчIы** - убых.

Бдзэ, **бдзэ-жьей** - къэбэрдей адыгэ (жьей, жьий-цIыкIу мыхьэнэр щыпыувэкIэ); **пцэ**, **пцэжьий** - кIахэ адыгэ (жъый, жьые); **псэ** - убых; **псыз** - абазэ; **апсыз** - абхъаз.

Дыгъэ, **д(ы)гъа** - къэбэрдей-шэрджэс; **ттыгъэ** - шапсыгъ, **бжьэдыгъу**; **(н)дыгъэ** - убых.

Хъуа - франджы бзэщIэныгъэлI, IуэрыIуатэдж Дюмезиль Жорж зэритхымкIэ, убыхыбзэм щыщщ; **хъу**, **хъупIэ** – кIахэ адыгэ, къэбэрдей.

Хъун, **хъуныфIэ**, **хъуныджэ**... - кIахэ адыгэ, къэбэрдей.

Тхы - адыгей, къэбэрдей-шэрджэс; **атх** - убыхыбзэм лъагапIэ, Iуащхьэ мыхьэнэхэр щиIэу къыщыкIуэрт.

Сабэ - къэбэрдей-шэрджэс; саппэ - шапсыгъ, бжьэдыгъу; **саба** -абхъаз, абазэ; **сапа** – убых; sabh - пасэрей журтыбзэ.

Псы-м и зэтепщIыпщIэкIэм щыщу

КIахэ адыгэбзэм иджыри хэтщ, «псы»-р зи лъабжьэ, абы къытехъукIа, дэ, къэбэрдейхэми, гурыIуэгъуафIэ тщыхъуну псалъэхэр. Къатщтэмэ, апхуэдэщ «**псыбыбы**», «**псыкъепэпэх**» - псыкъелъэ; «**псыгу**» - псыку; «**псыгъэхъун**» - псы зэхуаку ит хъупIэ; «**псыкIей**» - псы зыдэт тIуащIэ, къуэладжэ; «**псыкъуалэ**» (шапсыгъ) – псыхьэлыгъуэ, псы кIантIэ; «**псылъахъэ**», «**псыхъырз**» - архъуанэ, псым зыщриIуэнтIыхь щIыпIэ; «**псылъэукъ**» - тафэм зытезыгъэуфафэ, къуэпсыбэу зэбгрыж псы; «**псынакIэ**» (шапсыгъ) – псынэм къытепщIыкIыжа псыхьэлыгъуэ; «**псыутI**» - зызымыгъэхъей, и пIэ имыкI псы, «**псыхэ**» - псы ежэхым и кIэух; «**псыIу**» - псы Iуфэ; нэгъуэщIхэри.

«Пшэ» псалъэм къытехъукIауэ

Пшэгу - пшэхэм я щхьэжкIэ.

ПшэкIэплъ, **пшэкIэху**, **пшэплъ** – дыгъэ къыщIэкIыгъуэм щIэплъыпIэм къыщищI плъыжьыгъэ.

ПшэкIухь – дыгъэмрэ мазэмкIэ я хъуреягъкIэ къищI нэхур (нурыр).

Пшэ Iэрамэ – уэгум Iэрамэ-Iэрамэу щызекIуэ пшэ Iэтэхэр.

Пшэху – уэгум Iэрамэ-Iэрамэу ит пшэ хужьхэр.

Пшэхулъэ – пшэ хужьхэр здэщыIэ щIыпIэр.

ПшэщIэу – уэгум щызеуэ пшэ Iэтэ Iув лъахъшэхэр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ КъБР-м щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.574
Заказ №513